ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IEЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№214 (21.372) • 2008 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 6, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Обозревателым и псалъэ

ЗэхъуэкIыныгъэ инхэм я лъэхъэнэ

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий дыгъуасэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зыхуигъэзащ. ЗэIущIэшхуэм щыIащ Парламентым и палатитIым щыщхэр, Правительствэм хэтхэр, УФ-м и Конституцэ Судым, Суд Нэхъыщхьэм я судыщIэхэр, прокурор нэхъыщхьэр, дин лэжьакIуэхэр, властым и IэнатIэ псоми къулыкъущIэхэр щызыIыгъхэр.

СЫХЬЭТ 12-м щIидза зэIущIэр Георгиевскэ пэшышхуэм къыщызэIуахащ. ПрезидентыМ къиIэтащ мы лъэхъэнэм къэралыр зэрыт щытыкIэм, абы къыпэплъэхэм ехьэлIа Iуэху инхэр.

Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукIащ узыгъэгузавэ Iуэху куэд нуьжэ зэманым дунейм къызэрыщыхъуар. Ар жыуагъэIэ Осетие Ипщэм щызэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэмрэ США-м и зэранкIэ къэрал псори зэщIэзыубыда финанс кризисымрэ. Иджы белджылы хъуащ зым и закъуэ дунейм унафэ зэрыхуимыщIыжыфынур. Зи экономикэмкIэ нэхъ лъэрызехьэ США-м къигъэхъуа кризисым щIыхуэ зиIэр гугъуехьхэм зэрыхигъэхуам и закъуэкъым: иджы абыхэм я мурадщ залымыгъэкIэ Европэм ПРО-хэр кърагъэувэну. Мыдежым къыщрадзэрэкъым нэгъуэщI къэралхэм я сэбэп зыхэлъэрэм шынагъуэ щIэмыгъэкъуэныр. АбыкIэ ящIогъупщэ узэпэрауэ мыхъуну лъапIэныгъэхэр зэрыщыIэр. Урысейм Осетие Ипщэр къухумащ, щыхуэхэр залымыгъэм къригъэлащ. Куржым и унафэщIхэм ялэжьа бзаджэнаджагъэр зи IэужкIэр ахэр США-м зэригъэгушхуарщ. Урысейм и цIыхухэр дэнэ щыIэ щыIэми къыщхьэщыжын хуейуэ ди къэралым и Конституцэм къегъэув. А хабзэм тещIыхьауэ щытащ Урысейм илэжьахэр, жиIащ Президентым.

Абы пищащ Урысейр демократием щыпэщхьэ социальнэ къэралу зэрыщытыр, цIыхум и хуитыныгъэхэмрэ хабзэхэмрэ гъэгу ягъэпщэхэр къэралым гулъытэ хэха зэрыхуищIыр.

Урысейм и Президентым гулъытэшхуэ хуищIащ дин къэралым дэтэнэ цIыхуми и хуитыныгъэхэр къыщалъытэн папщIэ лэжьыпхъэхэм. Ар зэкIэ тэмэму зэтеухуа хъуакъым. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къэрал Думэм фракцэхэр щаIэщ нэхъ партыщхуэхэм, нэхъ парт цIыкIухэм я тельхъэу Iэ зыIэта хахакIуэхэр (ахэр цIыху мелуани 5 мэхъу) ИщхьэрэпалатэмкъыхэфIэрыгъуэнкIэт. «Абы къыхэкIыу къыхызолъхьэ Къэрал Думэм пхрыкIын папщIэ зыхуей процентыр 5-7-м щIрамыгъэгъуну. ИтIанэ нэхъ парт цIыкIухэми я лIыкIуэхэр Къэрал Думэм хыхьэфынущ. Апхуэду ди гугъэщ цIыхубэм я унафэщIхэр политикэ партыщхуэхэм къагъэлъагъуэным хуэкIуэн, хэхыныгъэхэм дэж ахъшэ сакъыпэт щымыIэн хуейуэ», жиIащ Президентым. АдэкIи пищащ:

- Къэралым къыпщыт къалэныщхуэщ къэрал бюрократиер къыжьэдэкIуэныр. КъулыкъущIэхэр хущIокъу прессэм и лэжьыгъэм хэIэбэну, езыхэр зыхуейхэр судхэм къэрагъэщIэну. Абы къеш коррупцэр. Иужьрейр къэралым лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къыдекIуэкI узыкъщ, ар апхуэду псынщIэу бгъэкIуэдыфынукъым, ауэ дэ абы дызэрыпэщIэувэну хабзэр дгъэхъэзырщ. Апхуэду Iуэхухэр щедгъэфIэкIуэну мэхъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэм, щIыныгъэм, егъэджэныгъэм, гъуазджэм ехьэлIа IэнатIэхэм. Мыдежым псори дыщызэдэIэпыкъун хуейщ, дызыь дяку дэлъу.

УФ-м и Президентым гулъытэшхуэ хуищIащ дунейм щекIуэкI Iуэхухэм. Абы къыхигъэщхьэхукIащ зы къалащхьэм иращIыкI унафэкIэ дунейпсо Iуэхухэр зехьэ зэрымыхъунур.

Ар нэсу къагурыIуэн хуейщ. А Iуэхур къэралыщхуэ 20-м я унафэщIхэм я зэIущIэм хэкIуэуэ къыщыхэщIэтыгъщ. Апхуэду ди къэралыр узгур зэрахъумэ ракетэхэмкIэ къауххуренхьыну зэрыхущIэкъум и жэуап Iуэхухэр дгъэувыну. Дэ ди узгур зыхъумэну Калининград щыIэ ракетэ полкищ зэбгрыдгъэкIыну мурад диIащ, ауэ иджы ахэр къызэтенэнущ. Апхуэду Калининград областым «Искандер» ракетэ комплексхэр щыдгъэувынущ. Осетие Ипщэм къызыхыщхуэр щыхэлт тохъуу США-р бгъэдыхьэкIэ тIуащIэм зэрытетыр. Абы Косовэ къыщыхунэхуа къэралыщIэр мыгупсысэххэуу къыпъищащ, ауэ хуейкъым нэгъуэщI щIыналъэм елъытауэ апхуэду гуэрым еувэлIэну. Ауэ дэ, дауи, дызыхуейр къыгъэ зэдщыIэ щыIэпIэхэм щыщIэ щытыкIэр мамыр Iэмалхэмкiэ зэфIэхъыныр. Ар ехьэлIащ Приднестровьем Нагорнэ Карабахым. Апхуэду ООН-м зэхъуэкIыныгъэ егъэгъуэтын хуейщ, ар къэралхэр зэпызыщIэ икIи зэдзыгъэлажьэ зэгухьэныгъэ хъун хуэдэу.

Урысеймрэ США-мрэ я зэхущытыкIэхэр ми зэманым тыншкъым, ауэ дэ ди лъэпкъхэр жагъуэу зэрыгъэгурыкъым. ДыщыгугъыщI США-м и администрацыщIэм нэхъ дакъыгурыIуэну, жиIащ Президентым.

Медведевым Урысейм и гъащIэм ехьэлIа Iуэху куэд къиIэтащ. Абы жиIахэм иджыри нэхъ пыухыкIауэ прессэр тепсэлъыхьынущ.

ШАЛ Мухьэмэд.

ДызэгурыIуэныр щ псом ящхьэр

ЩэкIуэгъуэм и 1-м Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щызэхэтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр ди зэхуэдэ унэщ» зыфIэдзыжынгъэм щIэт зэхыхьэ. Абы къриххьэлIат цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм, лъэпкъ-щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ республикэм и цIыхухэм пщIэ зыхуащI, философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор Унэжь Кашиф *(сурэтым)*.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм щыдызым тетынущ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Президент къулыкъум тетыну зэрыхуит пIалъэр нэхъ кIыхь щIыныр Кавказым мамырыгъэ щыIэным и джэлэсщ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ жэрдэмхэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраIэр икIи и чэзу дыдэу зэрыщытыр жиIащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и палатитIми я зэIущIэу дыгъуасэ екIуэкIам хэта нэужь.

КЪАНОКЪУЭ Арсен и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, апхуэдэ документ къащтэным мыхьэнэуэ иIэм щыщщ ипэ игъэщIэпхъэ Iуэхухэр, къэралыгъуэм зегъэужьыным пышIа унэтIыныгъэ зэмылIэужыгъуэхэр гъэпсыныр. «Президентым депутатхэм зэрызыхуигъазэм къызэхуэтыншэу егъэзащIэ я къалэныр - къэралыгъуэр лъыщхьэм апхуэдэ щIыкIэкIэ къегъэлъагъуэ нобэрей махуэм къигъэув пщэрылъхэр зыхуэдэр, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Апхуэдэу Iуэху къиинхэм хохьэ дуней псор зым и унафэ щIэхуэнкIэ зэрыхъуну пышIа шынагъуэр, финанс кризисыр, дэ къэралым демократие хабзэхэр щыгъэбыдэныр. СызэрегупсысымкIэ, къэралыгъэу Iуэхухэр зегъэкIуэным щIыхубзэр зэрыхэтыпхъэм теухуауэ Президентым къыхигъэща IэмалхэрI зи чэзуу зэрыщытыр къыщIыщымынэу, адэкIэ бгъэгуэ мыхьэн Iуэхугъуэщ. Абы апхуэдэу хеубыдэ Президентымрэ Къэрал Думэмрэ къалъыс тетыгъуэ пIалъэр нэхъ кIыхь щIыным теухуари. Дэ ди къэралыр инщ, абы къыхэкIыу президент къулыкъум тетыну зэрыхуит пIалъэр нэхъ кIыхь ящIыныр хуэфIынущ зэпIэзэрыт зыужьыныгъэмрэ къэрал Iуэхухэр нэхъыфIу зегъэкIуэнымрэ. Сэ шэч къытесхьэркъым апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр Кавказым щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэным зэриджэлэсыр».

Къанокъуэ Арсен зэрыжиIамкIэ, Президентым и псалъэм щыубзыхуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри, псалъэм папщIэ, КъБР-м и Унафэщым нэхъапэми мызэ-мыIэу гу зэрылъригъэтащ, федеральнэ властым и гъэзэщIакIуэ органу щынальэм щыIэхэм ящыщ куэдым я лэжьыгъэм къыпэкIуэ фIагъым арэзы укъызэримыщIыр. Е къэрал Iуэху зегъэкIуэнымкIэ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзыр программэр. «ЩIыналъэ куэдым, абы ди щIыпIэри хохьэ, я дежкIэ зи гугъу сщIыхэр хуабжьу Iуэху къиинщ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ программэ щолажьэ, ди ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр дунейм псом и бизнес-еджапIэ нэхъыфIхэм догъакIуэ. Абы къыхэкIыу дэ Iыхьэ лейуэ ди гуапэщ апхуэдэ Iуэхухэм хэлъыпIэ къыхуалъытэну тепсэлъыхь зэрыхъуар».

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Нэхъыфlу къальытэхэр

УнафэщIхэр

Политикэ экспертизэмкIэ дунейпсо институтымрэ (МИПЭ) «Петербург и политикэ» фондымрэ губернаторхэм я политикэ щытыкIэм хуэгъэпса зи чэзу рейтингыр - ещанэр - иргъэкIуэкIащ.

МЫПХУЭДЭ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и зэхэлъыкIэри, и купщIэри нахуэ хъууэ къэпльытэ хъунущ. Сыту жыпIэмэ, етIуанэ рейтингыр къытрадза нэужь, я къулыкъум текIын хуей хъуащ щIыналъэхэм я IэтащхьэхэуI зы балл закъуэ фIэкIа къызэмыхьа Черногоров А., балли Iзиla Тишанин А., балл щырыщ зыхуагъэфIэщахэу Батдыев М., Колесов Н. сымэ.

Иджырей рейтингым апхуэдэ къэпщытэкIэщ иIар (зы балл мызэ я къулыкъум пэрытыну Iэмал къыхуэнэркъым, тху къэзыщIэ политикэ и лъэныкъуэкIэ лъэ быдэкIэ щытщ).

Ди гуапэу къыхэдгъэщыну дыхуейщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен нэхъапэхэм иIа Iулъыджыр къызэрызыхуэнэжар, ар яхэхуащ балл плIырыплI зиIэ унафэщIхэу Матвиенкэ Валентинэ (Санкт-Петербург), Чуб Владимир (Ростов область), Шанцев Валерий (Нижегородскэ область), Тулеев Аман (Кемеровскэ область), Адыгэ Республикэм и Президент ТхьэкIущынэ Аслъэнджэрий, Тэтэрстаным и Президент Шаймиев Минтимер, Осетие Ищхъэрэм и IэтащхьэМамсуров Таймураз сымэ.

БаллитI зиIэхэм яхэхуащ Приморскэ крайм, Владимир, Волгоград, Орлов областхэм, Ингушым, Карелием, Хакасием я IэтащхьэхэуI. Зы балл закъуэ фIэкIа зимыIэр Киров областым и губернаторырщ.

ЛЕСНИНА Аннэ.

Аруан куей

Гъуэгуухуэхэр бэлэрыгъыркъым

Аруан куейм и гъуэгуухуэ IуэхущIапIэр мазэ етIуанэ хъуауэ йолэжь Псыгуэнсу къуажэкIэмрэ къуажапщэмрэ зэпызыщIэ гъуэгум

КИЛОМЕТРИЩРЭ ныкъуэрэ зи кIыхьагъ гъуэгур щIэуэ асфальттралъхь. А Iуэхур къезыхьэлIэр «Аруан куейм и ДРСУ» предприятэм и унафэщIхэм зэрыжаIамкIэ, лэжьыгъэ псори дунейр щIыIэ мыхъу щыкIэ зэфIагъэкIыну я мурадщ. НэхъыщIэхьэрэщи, зыхуеину псомкIи нэсу къызэгъэпэщащ. МыпхуэдэлэжьыгъэхэркъызэдэкIи илъэсым щекIуэкIащ Шэрэдж куейм хьыхь Жэмтхьэлэ къуажэми. Нэгъуэщ Iуэху, 2009 гъэм Псыгуэнсу, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ жылагъуэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэри зыхуей хуагъэзэнущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий 2008 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа УказымкIэ Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм ЭкстремизмэМ ебэнынымкIэ и департаментым и унафэщIу ягъэуващ милицэм и генерал-лейтенант КIуэкIуэ Юрий Александр и къуэр.

КIуэкIуэ Юрий и IэнатIэщIэ

КIУЭКIУЭ Ю.А. къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм щолажьэ 1979 гъэм и мазае лъандэрэ. Уголовнэ къэхъукъащIэхэмкIэ инспекторуу къыщIидзэри Къэбэрдей-Балъкъэр РеспубликэМ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ - криминальнэ милицэм IэнатIэм и унафэщIым нэсащ.

КIуэкIуэ Ю. А. 1999 гъэм щыщIэдзауэ Москва щолажьэ Урысей МВД-м и аппаратым УФ-м и МВД-м къызэгъэпэщыныгъэ-инспектор управленэ нэхъыщхьэмкIэ и Инспекцэм и инспектору, зэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэхьаджагъэхэм ебэнынымкIэ управленэ нэхъыщхьэу Урысей МВД-м и Криминальнэ милицэм и деж щыIэм и унафэщIым и къуэдзэу.

2005 гъэ лъандэрэ зэщIэгъэуIуауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэм ебэнынымкIэ и Департаменту УФ-м и МВД-м и деж щыIэм и унафэщIым и япэ къуэдзэщ.

КIуэкIуэ Ю. А. къыхуагъэфэщащ «Хэкум и деж щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр, ЛIыгъэм и орденыр, «Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

ЩIэуэ хуейкъым



УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къэралым и Федеральнэ Зэхуэсым къыщыхилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэр УФ-м и хабзэхэм хагъэхьэн папщIэ референдум иегъэуэщI IэIэти ирагъэкIуэкIын хуейкъым, щыжаIащ Урысейм и IэтащхьэМ и Администрацэм.

Зи гугъу ящIыр Президентымрэ Къэрал Думэмрэ зэрыщылажьэну пIалъэр нэхъ кIыхь щIыныр. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр ящIын зэрыхуейр белджылыщ, ауэ абыхэм щIэх гъэгу ягъэуэтыныкъым, лъэныкъуэ псори зэпэшэчауэ бгъэдыхьэн хуейщи.

Хабзэгъэув жэрдэмхэр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым

КъБР-м и Парламентым и спикер Бечелов Ильяс нэхъыжьу щысу екIуэкIащ хабзэгъэув органым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр. Лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентым щыIэ Къущпрокъуэ Залым.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ хабзэгъэув жэрдэмхэм.

«Урысей Федерацэм и ЩIыхухэм я хэхыныгъэхэ хуитыныгъэхэм, референдумым хэтыныкIэ хуитыныгъэхэм я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ Законым и 48-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэнымкIэ федеральнэ законым и проектыр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщыIэтыныр теухуа Iуэхум тепсэлъыхьащ ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм ехьэлIа IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан.** Абы и къуэдзэ **Гилиев Борис** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ «Администрацэ хабзэхэр къызэпэщыудхэм ехьэлIауэ» УФ-м и Федеральнэ законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным и IуэхукIэ» жэрдэмым.

ЭкономикэполитикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров ТIэхьир** къыхилъхьащ кIэрыхубжьэрыхуэр зэхуэхьэсыным, ахэр къэгъэсэбэпыным, шынагъуэ зыпыль апхуэдэхэр къыщIэщIэкIэ, щагъэтIылъкIэ хуэгъэныным теухуа унэжыгъэр лицензэм щIэгъэувэным теухуауэ щыIэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, Iэ зэхуахузэхэр IуэхукIэ Челябинск областым и Хабзэгъэув Зэхуэсым УФ-м и Правительствэм зэрыхуигъэзам хэплъэну. Абы и къуэдзэ **АтIэлыкъ Анатолий** къыхилъхьащ лэжьыпIэм яхуегъэщIэнымкIэ, зыхуэгъэныным теухуа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къаIэрыхуэ IэбээнатIэмкIэ хэлъхьэныгъэхэм я зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ федеральнэ законым и проектым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным и Iуэхур УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщаIэтыну къыхилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI**Несутулов Виктор.** Абы и къуэдзэ **Мэрэмыкъуэ СэфарбийI**уэху къиIэтащ мэкъумэшхъэхIэхэрэ IэщIэкIхэмкIэ къэзылэжьхэм ядэIэпыкъуным ехьэлIауэ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев СэлимХ**ъку зауэшхуэм ныбжьэгъукъуэ хэкуэхьахэм, абы хэта нужьнэ къуэдыкъуэнуэкъы я пащхьэм къэралым щиIэ къалэныр ягъэзэщIэн зэрыхуейм теухуауэ зэрызэкъуэгъазэ къыхилъхьащ. Фэбжь зыгъуэтахэм пщIэншэу транспорт якъухьэн е абы хуэзэ ахъшэр иратын хуейщ.

Депутатхэм дафIэщ хабзэгъэув жэрдэмхэм къыхалъхьахэм я нэхъыбэр.

Президентымрэ хэтхэм КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ хэтыр трагъэкIуадэхэм хэгъэхъуэнри хэту, социальнэ Iуэхухэр зэфIагъэкIыным и экономикэ лъабжьэ къызэрагъэпэщыну.

Егъэджэныгъэмкiэ, щэнхабзэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Дадэ Исмел** къыхилъхьэри, депутатхэр тепсэлъыхьащ псоми я зэхуэдэ пэщIэдзэ пщалъэм, апхуэдэу псоми я зэхуэдэ курыт щIэныгъэ нэхъыщхьэр зэрырагъэгъуэт федеральнэ къэрал егъэджэныгъэ пщалъэхэр зэхэльхьэным икIи къэщIэтным теухуа хабзэр УФ-м и Правительствэм зэригъэуэщынуI УФ-м и Правительствэм и лIыкIуэ Iуэху.

ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ информацэм и IэнатIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур** къигъэувари, къэралым и унафэщIхэм зэрызыхуагъазэ къыщIатхам щIыналъэхэм къыщыдэкI, Iэ традзэу кърагъэхь тхылъхэр, газетхэр, журналхэр зыуэ щыт урысейпсо каталогым хагъэхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм гурыIуэну «Урысейм и пощт» ФГУП-м и IуэхущIапIэхэр хуит ящIыну.

«Урысей Федерацэм и Мэз кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» федеральнэ законым и проектым зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным и Iуэхур УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщаIэтыну къыхилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ комитетым и унафэщI.

ЭкономикэполитикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гончаренко Михаил** электрокъарум и тарифхэр дуней псо пщалъэхэм яхуэгъэдэным теухуа унафэм къару имыIэжу ягъэувын хуейуэ къелъытэ. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, электрокъарум и уасэхэм зэрыхэхъуэм щIыхухэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэмрэ пэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбээхэмрэ я уасэхэр дэуенныр къешэ. Ар щIыхухэм я сэбэп зыхэлъкъым езэгъыркъым икIи мы Iуэхум къегъэув хуэмыщIауэ псоухэм яридзэпыкъуну бюджет псоми зэгъэкIуауэ ахъшэ хуатIыпщын хуейуэ.

Парламентархэм къызэралъытэмкIэ, къыхальхьэ Iуэхум экономикэм жыджэру зригъэужьынущ, нэхъ хуэмыщIа цIыхухэм я псэукIэр къэIэтынущ.

КъБР-м и Парламентымрэ ЩIыхь тхылъыр **Балъкъэр Тамарэ Хьэпу и пхъум** - «ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм и актрисэм иратыну.

ЗэIущIэм и кIэухым Бечелов Ильяс къызэхуэсахэр щигъуазэ ищIащ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советыр Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я къэрал властым и хабзэгъэув (цIыху куэд зыхэт) органхэм идэлажьэным-кIэ и советым и зэIущIэ зэрыщыIам къриIуэуэ. А зэIущIэр теухуауэ щытащ щIыпIэ самоуправленэм и реформэм и щытыкIэмрэ ар пхыгъэкIыным епха Iуэхухэмрэ. КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и псалъэхэм ятещIыхьмэ, мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ «ЩIыпIэ самоуправленэм и къызэгъэпэщыкIэр зытетыну хабзэхэу псоми я зэхуэдэхэм и IуэхукIэ» законым къару щигъуэтыну пIалъэм мазитI фIэкIа зэримыIэжыр къыхэкIыу.

ЩIыпIэ самоуправленэм и IуэхукIэ Урысей Федерацэм и къалэхэм я... зэIущIэ.

Ижьэхъ Iэпщэ Заур тепсэлъыхьащ Урысейм БоксымкIэ и федерацэм Калининград къалэм щригъэкIуэкIа отчет конференцэм зэрыхэтам.

Абы зэрыжиIамкIэ, Урысейм боксымкIэ и командэ къыхэхар Пекин щекIуэкIа Олимпиадэм зэрыхэтам къриIуэхам зэIущIэм щытепсэлъыхьащ. Федерацэм къэкIуэну илъэсиплIым зэфIигъэкIыну Iуэху нэхъыщхьэхэр зэубзыхуащ. Iэпщэ Заур жиIащ боксымкIэ лъэпкъ командэ къыхэхам папщIэ IуащхьэмахуэлъэпIэ турбазэ къыщызэIуахыным теухуа Iуэху конференцым къызэрыщаIэтар.

Президиумым щекIуэкIа «правительствэ сыхьэтым» щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыху щхьэхуэхэм къэралыр зэрадэIэпыкъуным теухуауэ» КъБР-м и Законыр гъэзэщIа зэрыхъуам (отчетыр ирикъухьащ).

КъБР-м и Парламентымрэ пресс-IуэхущIапIэ.

Гу зылъытапхъэ

ПэкIум фрагъэблагъэ

ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ!

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм и рескомыр гуапэ псэкIэ къывохъуэхъу Октябрь социалист революцэ иныр илъэс 91-рэ зэрырикъумкIэ. Ди гуапэщ узыншагъэ быдэ фиIэну, фи Iуэхухэмрэ мурадхэмрэ къывэхъулIэну.

Октябрь иныр пхуэгъэгъуэщIэжынукъым!

Фыдогъэблагъэ щэкIуэгъуэм и 7-м сыхьэт 12-м Ленин В. И. и фэеплъым деж щекIуэкIыну пэкIум.

Тхыдэм щыщ дыдэу

ЩэкIуэгъуэм и 4-м США-м щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм тегъэлъыджэ къарикIуащ.

Къэралым и къулыкъу нэхъыщхьэр лъэгъащ зи фэр фIыцIэ Обамэ Барак.

Демократие партым и цIэкIэ хэхыныгъэхэм хэт кандидатыр езым и ныкъуэкъуэгъу Маккейн Джон ефIэкIыныгъэшхуэ иIэу текIуащ. Нэхъ жыжьэ дыбдэлъэу, илъэси 10 и пэкIэ гугъэт зи фэр фIыцIэ США-м и президент хъуну. АбыкIэ къагъэлъэгъуагъэнущ иджыри къэс унафэр зыIэщIэлъа республикэ партым и политикэмкIэ америкакэр ауэ жыжьэуи зэрымыарэзыр. А мыарэзыныгъэм лъабжьэшхуэ иIэщ. Япэрауэ, Буш Джордж Афганистанымрэ Иракымрэ ящIидза мафIэр иджыри ягъэункIыфIыфакъым. Атом бомбэ къилъхьуэ хуэдэу щхьэусыгъуэ ищIри, США-р Иракым теуащ. Цыху минхэр хэкIуэдащ, ауэ атом Iэщэм и лъэужь гуэри а къэралым къыщагъуэтакъым. ЕтIуанэрауэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Вашингтон езым и дзэхэр Афганистаным къришыжыфыркъым.

А псоми щIыгъужын хуейщ США-м и зэранкIэ дуней псор зэщIэзыубыда финанс кризисыр. Араши, республикэ партым и лIыкIуэр пхыкIынутэкъым.

Обамэ Барак жеIэ финанс кризисым зэрыпэщIэтыну Iэмалхэр зэхилъхьэну, къэралыр гугъуехьым къихишыну, нэхъыщхьэращи, къегъэзэгуэ американыдзэхэр Афганистанми Иракми къришыжыну.

Обамэ илъэс 42-рэ и ныбжьщ. Ар къэралым щыщIэрыIуэ юристщ, аспирантхэр иригъаджэу щытащ.

(ИТАР-ТАСС).

Нобэ

♦Таджикистаным щагъэлъапIэ Конституцэм и махуэр (1994).

♦Илъэс 65-рэ и пэкIэ (1943) Япэ Украинэ фронтым (унафэщIыр армэм и генерал Ватутин Николай) и зауэлIхэм Киев къалэр хуит къащIыжащ. 1965 гъэм накъыгъэм и 8-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Украинэм и щыхьэрым «Къалэ- ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр фIащащ.

♦ЩэкIуэгъуэм и 6 - 8-хэм Москва щекIуэкIынущ Таллинн (Эстоние) и щэнхабзэм и махуэхэр.

♦ЩэкIуэгъуэм и 6 - 8-хэм Дон Iус Ростов щекIуэкIынущ VIII дунейпсо экономикэ форумыр.

♦**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 51-м, къухьэжынущ сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 51-м.**

♦**Махуэм и кIыхьагъыщ сыхьэти 10.**

♦**Суд приставым и махуэщ** (1997).

♦Тэтэрстан Республикэм и Конституцэм и махуэщ (1992).

ИЛъэпэр зыгъэхьэзырар **МАХЬШЭКЪУЭ Мухьэмэд.**

Зэпеуэхэр

ЗэчиифIэхэр къыхах

КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм, «УФ-м и Архитекторхэм я союз»-м и ЩIыналъэ къудамэмрэ КъБР-м и ухуакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ щIэгъуу республикэм щригъэкIуэкIынущ архитекторхэм я профессионал зэпеуэ.

Ар КъБР-м и Правительствэм щыжиIащ министр **АфэщIагъуэ Михаил.** Зэхьэзэхуэм и къалэныр зэфIэкI зиIэ архитекторхэр, архитектор-ухуакIуэ IэщIагъэм хуеджэ студент зэчиифIэхэр къэхутэныр щIэгъэхъуэныр икIи гъэпэжыныр.

Зэпеуэр ныбжь зэхуэмыдэу щым тещIыхьауэ щытынущ: архитектор-ухуакIуэ IэщIагъэм щыхурагъаджэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ ику итхэмрэ я курс нэхъыжьхэм щIэс студентхэр (мы гъэм къэзыухахэри хэту), илъэс 35-м нэс зи ныбжь архитекторхэмрэ абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэмрэ. Дэтэхэнэми къызэрыгуэкI графикэм тету игъэхьэзырын хуейщ зи проектыр ящIыну жюрим къищта объектым и клаузурэмрэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIыну щIы Iыхьэм и ескизым и проектымрэ.

Зэпеуэм щытекIуахэм «Зодчество» дунейпсо фестивалымрэ архитекторхэм я Iззагъэр щрагъэлъагъуэну Урысейпсо зэхьэзэхуэмрэ хэтынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ

Лъэрымыхь и Iыхьэ хокIуадэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Упщlэхэмрэ жэуапхэмрэ

Сыт щIэх-щIэхыурэ сыщIэщхьэукъуэр?

- Астролог Зараев Александр «Аргументы и факты» газетым щыжиIауэ щыташ Урысеймрэ Куржымрэ зэрызэщыIеинур икIи IэщэкIэ зэрызэныкъуэкъунур. Къэхъунур къищIат телъыджащэу. Зыгуэрым къищIэфыну пIэрэ иджыпсту дуней псор зыгъэгузавэ кризисым кIэ щигъуэтынур?

ЛИЛИКОВ Михаил, *Карелие*

УпщIэм жэуап кърет Урысей астрологие школым и президент **Зараев Александр:**

- ЭКОНОМИКЭ кризисым и щIэдзапIэу плъытэ хъунущ мы гъэм Дыгъэр щиубыда махуэр (шыщхьэIум и 1-р). Щиухынур дызыхуэкIуэ илъэсым бадзэуэгъуэм и 22-рщ - а махуэми Дыгъэр иубыдынущ. Къэдгъэлъэгъуа пIалъэр къызэднэкIыхункIэ бэзэрхэмрэ валютэ биржэхэмрэ зэрызехьэнущ, бэлыхь куэдым хэхуэнущ, мыгъуагъэ гуэрхэри (терактхэр) къэхъунущ. Псом хуэмыдэу шынагъуэу щытынущ жэпуэгъуэ мазэм и иужьрей махуиблыр, щэкIуэгъуэ мазэм и япэрей махуиблыр, дыгъэгъазэ мазэм и кум хиубыдэ тхьэмахуэ зэхуакуитIыр. Урысейм и Iуэхухэр ефIэкIуэжу щIидзэнущ щIышылэ мазэм и иужьрей махуэхэм.

- ЗэрыжаIэмкIэ, Нобель и саугъэтыр доллар мелуанрэ ныкъуэрэ мэхъу. Апхуэдиз ахъшэр зылъагъэсхэм сыту пIэрэ ар нэхъ зытрагъэкIуадэр?

ПУСТОВОЙТОВЭ Иринэ, *Калугэ.*

- АКАДЕМИК Гинзбург Виталий зэрыжиIэмкIэ, 2003 гъэм кърата саугъэтым щыщу зыкъомыр яIэщIилъхьащ и щхьэгъусэм, и пхъум, и пхъурылъхум. Къыхуэнар банкым щехъумэ. Физик Алферов Жорес и ахъшэм и нэхъыбапIэр хилъхьащ щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ ядэIэпыкъуным хуэзэригъэпэща фондым. Павлов Иван кърата саугъэтымкIэ иригъэщIащ физиологие институт, Мечников Илья къылъагъэса ахъшэр Пастер и институтым (Париж дэтым) тыгъэ хуищIащ. СССР-м и Iэтащхьэу щыта Горбачев Михаил къыIэщIалъхьа саугъэтыр къэрал бюджетым хригъэлъхьащ. Солженицын Александр лъагъэса ахъшэмкIэ щIапIэщхуэ США-м къыщищэхуащ. Шолохов Михаил Нобель и саугъэтыр «иригъэкIащ» и бынхэр, къуэрылъху-пхъурылъхухэр и гъусэу дунейм и щIыпIэ дахэхэр къызэхикIухьурэ.

- Иджыблагъэ газет гуэрым къиздзыкIащ Эрнст Константин жэщ-махуэм кърiубыдэу сыхьэтиплI фIэкIа мыжейуэ, адрей зэманыр лэжьэным тригъэкIуадэу. Ар дауэ хузэфIэкIрэ? ЩIыхур жейн, лэжьэн зэрыхуейм теухуауэ мардэ пыухыкIа гуэрхэр щыIэ?

МЕЩЕРСКИЙ Иван, *Саратов область.*

- МЕДИЦИНЭщIэныгъэхэм я доктор, «Барвиха» зыгъэпсэхупIэ цIэрыIуэм щIэныгъэмкIэ и унафэщI, жеиным пыщIа Iуэхухэр щадж лабораторэм и Iэтащхьэ Бузунов Роман жеIэ:

- Дэтхэнэ цIыхури жеин хуейщ гъащIэм къыхуигъэува мардэм хуэдизкIэ. ЩыIэщ жэщ-махуэм сыхьэтищ-плIы фIэкIа мыжейхэр. Апхуэдэт, псалъэм папщIэ, Наполеон, Тэтчер Маргарет сымэ. Ауэ Эйнштейн Альберт жейрт сыхьэтипщI хуэдизкIэ. Уи «мардэм» ткIийуэ утетын хуейщ. Уи жейр «къыжьэдэпкъуэныр» узыншагъэмкIэ зэранщ. МыжеифыххэрI щыIэу жаIэ - ар пцIыщ. ЯзыныкъуэхэмкъафIощI «я нэхэм жей лъэпкъ къемыкIуэу», ауэ абыхэм я щхьэкуцIхэм «щэхуу» загъэпсэху.

- Ди къалэм куэд щыхъуащ факъырэхэр. Абыхэм яхэтщ зи щыгъын-лъыгъынхэр жьы дыдэ хъуахэри, нэхъыфIыIуэу хуэпахэри, сабий цIынэ зыIыгъхэри. Дэтхэнэра абыхэм ящыщу нэхъ дызыдэIэпыкъупхъэр?

ПРАВДОВ Кирилл, *Калининград.*

- ДИНЫМ и лэжьакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, лъаIуэхэм яхэтщ фадафэхэри, афиян зэзыхьэлIэхэри, цIыху щхьэхуещэхэм ягъэлажьэхэри. ФIы пщIэну ухэтми, уи мылъкур зыхуэпшийр мыхъумыщIэмэ, псапэ ущIыщыгугъын щыIэкъым. Абы къыхэкIыу къолъэIухэм ящыщ зыкъомыр бгъэщIэхъупхъэщ. ЗэрыжаIэщи, уи гум ечэнджэщи, уи сэдэкъэр нэхъ зыхуэфащэм IэщIэлъхьэ.

- ТелевизоркIэ слъэгъуащ Олимпиадэм щытекIуахэм автомашинэхэр тыгъэ зэрыхуащIар. Спортсменхэм яхэтщ зэхьэзэхуэ иным медалитI-щы къыщызыхьахэри. Абыхэм автомашинэ дапщэ ялъысынур? Мыри къызгурыIуэркъым: сыт зи уасэкIэ нэхъ пуд автомашинэхэр бзылъхугъэхэм тыгъэ щыхуащIар?

САБАНЕЕВ Федор, *Пятигорск.*

- УРЫСЕЙМ и Олимп фондым и гъэзэщIакIуэ директор Катушев Александр дыщигъэгъуэзащ Iуэхур зытетым. Дэтхэнэ спортсменми, и медалхэр зыхуэдизым емылъытауэ, зы автомашинэщ тыгъэ хуащIар. Спортсмен зыбжанэ зыхэт командэр текIуамэ (псалъэм папщIэ, художественнэ гимнастикэмкIэ), автомашинэр лъагъэсащ дэтхэнэ зыми. Псори зэхэту къапщтэмэ, автомашинэу дгуэшащ 137-рэ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, BMWX5-р - цIыхухъухэм, BMWX3-р цIыхубзхэм нэхъ къахуэщхьэпэнущ. Аращ тыгъэ зэхуэмыдэхэр щIэдгуэшар, ахъумэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэкъым.

- Си лэжьыгъэр жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ, узытеплъэкъукI мыхъунщ. Ауэ иужьрей илъэсхэм жейнэд, щыгъупщэх сыхъуащ. Сызэрылажьэм хуэдэурэ, щIэх-щIэхыурэ сощхьэукъуэ. Сыт ар къызыхэкIыр?

Виталий. *Москва къалэ.*

- УСАКЪЫН, угупсысэн хуей куэдрэ мэхъури, уи щхьэкуцIыр йош, жьы къабзэ (кислород), къаруущIэ хуэныкъуэу. А узыфэр зыгъэхъуж хущхъуэхэр щыIэщ. Абыхэм ягъэтэмэмыж щхьэкIуцIым лъыр зэрыщызекIуэ щIыкIэр, уемышу, уи жеини къамыгъакIуэу нэхъыбэрэ уагъэлажьэ.

Мы Iуэхум теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэр IэщIагъэлIхэм къуатыфынущ, мыпхуэдэ телефонкIэ упсалъэмэ: 8-800-200-33-93.

«Аргументы и факты», «Труд-7», «Комсомольская правда» газетхэм къахэтхащ.

Урысейр Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ къазэрыщхьэщыжу, политикэ лэжьакIуэхэм ящыщ куэдым жаIэ хъуащ ди къэралыгъуэр зэпкърыхуным кIэ игъуэтауэ. Дауи, тыншкъым а къалэн иныр бгъэзэщIэныр. Сыт хуэдэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэ хэмрэ къэдгъэсэбэпыпхъэ? Сыт хуэдэ Iуэхухэм зыщыддзеипхъэ?

А упщIэхэм жэуап кърат экономист цIэрыIуэ, профессор, УФ-м ЭкономикэмкIэ и школым прикладной политологиемкIэ и факультетым и декан Урнов Маркрэ тхакIуэ, «Етхуанэ къэралыгъуэр» тхылъыр зи Iэдакъэщ IэкI Проханов Александррэ.

● Урысейм и къэкIуэнум теухуауэ

Дызэгупсысыпхъэхэр мащIэкъым

Урнов Марк:

- 1917 гъэм Урысейм фIэкIуэдащ и лъэпкъхэм ящыщ цIыху нэхъыфIхэу куэд дыдэ: хэт нэгъуэщI къэралхэм Iэпхъуащ, зыкъомыр яукIащ, нэхъыбэжыр тутнакъэщхэм ирагъэтIысхьащ.

Гузэвэгъуэ, гъэунэхуныгъэ инхэр яхуэмыхьу, цIыхухэр фадэмкIэ еутэкIащ. Абы и щыхьэтщ мыпхуэдэ бжыгъэхэр. Октябрь Революцэм и пэкIэ зы илъэсым кърiубыдэу, ику иту къапщтэмэ (зы цIыхум хуэзэу), къэралым аркъэуэ щрафырт литритIрэ ныкъуэрэ хуэдиз. А «узыфэ» бзаджэр нобэр къыздэсым къызэднэкIыфакъым, нэхъри хэдгъэтIэса мыхъумэ. ЩIэныгъэлIхэм къалъытэ дэтхэнэ цIыхуми хуэзэу илъэсым аркъэуэ литрий щраф къэралыгъуэм ис цIыхухэр мыбэгъуэну, хэкIуэдэжыну. Росстатым зэриубзыхуамкIэ, Урысейм мы зэманым, ику иту къапщтэмэ, илъэс къэс зы цIыхум фадэу щреф... литр 15-м нэблагъэ!

КIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу ди къэралым исхэм я бжыгъэр. ЙокIакIуэ абыхэм я фIагъри. Ар щынэрылъагъущ «элитэ» жыхуаIэхэм (нэхъ щапхъэфIу ялъытэхэм) я дежи - гъунэжщ Iулъхьэшххэр, хьэжьвакъэжьышххэр, унафэщI, IэщIагъэлI мыхъумыщIэхэр. Абыхэм яхузэфIэкIынукъым щIыуэпс къулеигъэр тэмэму къагъэсэбэпыныр, къэралыр зыхуей хуэзэу зэрахьэныр.

Дахэвгъаплъэт ди гъунэгъухэм: Ираным мыгувэу зригъэгъуэтынущ атом Iэщэр. Афганистаныр хущIокъу Таджикистаныр зыIэщIиубыдэну. Китайр куэд щIауэ йощэ Урысейм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэр иубыдыну.

Сыт-тIэ тщIэн хуейр? Япэрауэ, мылъкушхуэ хэтлъхьапхъэщ цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, щIэблэр егъэджэным, гъэсэным, псэупIэ унэхэр ухуэным...

Къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дзэ лъэщ диIэныр. Куржым дыпэлъэщами, къыдгурыIуэн хуейщ ди дзэхэр нобэкIэ куэдым зэрыхущыщIэр. Зыхъумэжыныгъэм дэ ахъшэу тедгъэкIуадэм нэхърэ хуэдэ тIощIкIэ нэхъыбэщ Европэм а Iуэхум хухихыр. Китайм псынщIэ дыдэу зэрызиужьри нэрылъагъущ - абы зауэ хуэIухуэщIэхэм хуеутIыпщ ди къэралым и зэфIэкIым зэкIэ къимытIэсэным хуэдиз мылъкушхуэ.

НэхъыфIыр, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, ди къарур здынэсри зыщыдмыгъэгъупщэу, цIыхубэм я псэукIэр едгъэфIэкIуэнырщ - ар Урысейм хузэфIэкIынущ.

Проханов Александр:

- Урысейм и тхыдэм щыдолъагъу ефIэкIуэныгъэхэри, зэгурымыIуэныгъэхэри, лъыгъажэ зауэхэри, ухуэныгъэ инхэри, космос гъуэгуанэхэри...

Урысейм и пщэдейр нэхъыфI щыхъунур щIэныгъэлIхэр нэхъри зэрыубыдмэщ, быдэу зэкъуэувэмэщ. КъухьэпIэ къэралхэр зыхущIэкъур Прибалтикэр, Украинэр, Кавказ Ипщэр тIэщIагъэкIыу, фIыуэ дыкъэзымылъагъу лъэпкъхэмкIэ дыкъаухъуреихьынырщ, ди щIыналъэм драубыдэнырщ. Ар къэхъумэ, ди щIыуэпс къулеигъэхэр зыкIи къытщхьэпэжынукъым.

Шэч хэмылъу, зэдгъэбыдылIэн хуейщ Белоруссиери, Абхъазри, Осетие Ипщэри, Приднестровьери, Къыргъызри. Украинэми ди гугъэр хэтхыж хъунукъым. Уеблэмэ Исландиери зэгуэрым къыдгухьэнкIи зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ къэралыгъуэ лъэщкIэ дызэджапхъэр щIыналъэшхуэ къудейркъым, атIэ зи лъэпкъхэр зэкъуэтырщ, абыхэм я бзэ хэм, щэнхабзэхэм, динхэм зэрызаужьырщ.

Языныкъуэ щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Урысейм цIыхуу исыр мелуан хыщI фIэкIа мыхъуми, зыхуей псори игъуэту псэуфынущ. Щапхъэ фIу къытхуагъэлъагъуэ, псалъэм папщIэ, Швейцариер. Ар сыт хуэдэ къэралыгъуэ? США-м и бо хъшэу къэплъытэ хъунущ. СыткIэ нэхъыфI Голландиер? Абы щыкуэдщ фадафэхэр, афиян зэзыхьэлIэ хэр. Франджыр кIуэ пэтми къотIасхъэ - ар зыIэщIалъхьэнущ хьэрыпхэм.

Урысейр мыгъуагъэ псоми къащелынур езым и къэралыгъуэ быдэ иIэжмэщ. НэгъуэщIхэм дащIыдэплъеин, щапхъэ мыхъумыщIэхэр къащIытетхын щыIэкъым.

Къэралыгъуэр фIыгъуэшхуэщ. Ар уиIэну, щхьэхуиту мы дуней гугъусыгъум утетыну ухуеймэ, гугъуехь гуэрхэри пшэчын, уасэ пыухыкIахэр щIэптын хуейщ - абы и лъэныкъуэкIэ дызэгупсысыпхъэхэр гъунэжщ.

Тхыгъэр зыгъэхьэзырар
ЦЕПЛЯЕВ Виталийщ.
«Аргументы и факты».

● Абы куэдыр егъэпIейтей

Министр
ГОЛИКОВЭ Татьянэ:

Пенсэр сом 25000-м нэсынущ

ЗэраIуатэмкIэ, банкхэр кризисым зэрыщахъумэ ахъшэхэр къызыхахар къэралым и бюджетырщ. Ар зэран къахуэмыхъуну пIэрэ пенсэ къэзыхьхэм? Сыт къапэплъэр къэрал социальнэ программэхэм куэдкIэ щыгугъхэм? А упщIэхэми, нэгъуэщI зыкъомми жэуап къарет УФ-м узыншагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Голиковэ Татьянэ. Абы йопсалъэ «Аргументы и факты» газетым и редактор нэхъыщхьэ Зятьков Николай.

- Татьянэ, сыткIэ ягу фIы яхуэпщIыну ди щIэджыкIакIуэхэм?

- Сэ быдэу жысIэфынущ социальнэ программэхэм я хъер зэкIыну пэплъэхэр щIэ гузэвэн щымыIэу. Къытпэщыт илъэсищым къриубыдэу дгъэзэщIэну ди мурадхэм щыщ зэтхъуэкIынукъым. Зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр къанэ щымыIэу зэфIэдгъэкIынымкIэ шэсыпIэ къыдат къэрал бюджетым иIэ Iэмалхэм.

- Уасэхэм мы илъэсым и кIэм ирихьэлIэу заIэтыну къыщIэкIынущ процент 12 хуэдизкIэ, уеблэмэ нэхъыбэжкIэ. Ар къэфлъытэну цIыхухэм «пособие» жыхуаIэр щефткIэ?

- Абы шэч хэлъкъым. Къэрал социальнэ программэхэр законхэм къахъумэ. Инфляцэр дубзыхуа мардэхэм щхьэдэхмэ, социальнэ пособиехэми хыдогъахъуэ.

- 2020 гъэм ирихьэлIэу цIыхухэм я пенсэхэр сом 25000-м нэвгъэсыну фи мурадщ. Зи гугъу фщIыр нобэрей ахъшэра, хьэмэрэ зэгуэрым инфляцэм пуд ищIынура?

- Иджырей зэманым сом мин 25-м иIэ къарурщ. Пэжщ, а бжыгъэм зихъуэжынкIэ хъунущ, къэралым и зэфIэкIыр зыхуэдизым елъытауэ. Ауэ, сызэригугъэмкIэ, нэхъ мащIэ хъунукъым.

- Сымаджэ куэд мэтхьэусыхэ хущхъуэхэр дахэ-дахэу зэралъымысым къыхэкIыу. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?

- Мы Iуэхур къудамэ куэд зытетщ. Ахъшэр къыдэмэщIэкIыу аракъым гугъуехьхэр къызыхэкIыр. Лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым хэлъ ныкъусаныгъэхэрщ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, зы къэрали щыIэкъым цIыхухэм хущхъуэ псори пэрыхьэту щагъуэту. АбыкIэ зызухеижыну сыхэту къыпфIэщIыну сыхуейкъым. Долэжь хущхъуэм пыщIа ди Iуэхухэр зэредгъэфIэкIуэным. ЩIыналъэхэм Iэмал нэхъыбэ еттащ нэхъ псынщIэу икIи нэхъыбэу хущхъуэхэр зыIэрагъэхьэнымкIэ. Ахъшэуи сом мелардипщI яхуедгъэхьащ. СызэрыщыгъуазэмкIэ, зыкъомкIэ нэхъ мащIэ хъуащ тхьэусыхафэхэри.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, хущхъуэфIхэр къыщIэзыгъэкI предприятэхэр ухуэным, хамэ къэралхэм щащI Iэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ зыIэрыгъэхьэным, узыншагъэр хъумэным пыщIа къэрал хабзэхэр гъэзэщIэным ныкъусаныгъэ инхэр хэлъщ.

- Шынагъэ щымыIэу пIэрэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ сату Iуэхущ IапIэхэм ещхь хъункIэ? Зи гугъу сщIыр хабзэм къемызэгъыу дохутыр хэм ахъшэхэр (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Iулъхьэхэр) хах зэрыхъуарщ.

- Мы зэманым долэжь узыншагъэр хъумэным 2020 гъэ пщIондэ зэрызедгъэужьыпхъэ Iэмалхэр убзыхуным, гъащIэм хэпщэным. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, сыт хуэдэ медицинэ Iуэхутхьэбзэм и уасэри сымаджэхэм ящIэу, ахъшэу ятыпхъэми ятын хуэмейхэми ахэр щыгъуазэу, езыхэр зыхуей Iуэхущ IапIэхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ къыхахыфу зэтеублэныр, нэгъуэщI куэдхэри.

● КIэщI дыдэу

Ипщэ щIыналъэм щыхъыбархэр

● Осетие Ищхъэрэм и къэрал академическэ къэфакIуэ ансамбль «Аланым» псапащIэ концерт щитащ Москва, Кремлым дэт уардэунэм. Артистхэм Iэзэу ягъэзэщIащ осетин, урыс, эстон, латыш, белорус, молдаван, нэгъуэщI лъэпкъхэми я къафэхэр.

● Ставрополь крайм и профсоюзхэм я федерацэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс хыщI мэхъу. Абы и щIыхькIэ мы щIыналъэм и къалащхьэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ дауэ дапщэхэм хэтащ УФ-м и ФНРП-м и Iэтащхьэ Шмаков Михаил.

● Дон Iуфэ Iут Ростов къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм, утхэм, цIыху зэхуэсыпIэхэм щагъэув видеокамерэхэр, милицэм и IуэхущIапIэ унэ цIыкIухэр («пост» жыхуаIэхэр), «Сова»-кIэ зэджэ комплекс хэр. А псори зыху эунэтIар къалэдэсхэр шынагъуэншэу, мамыру псэуныр щ.

«Северный Кавказ» газет.

Хъийм икIауэ мэкIэрахъуэ

Псэупlэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэм, хьэгъэщагъэ халъхьэурэ, цIыхухэр къагъапцIэ, электрокъарууэ къагъэсэбэпым и бжыгъэр яIэт, апхуэдэ щыкIэкIэ къулыкъущIэхэм я жыпхэр «ягъэхуабэ». Абы и щапхъэхэр щыкуэдщ Чуваш, Алтай республикэхэм, Орлов, Тамбов областхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми.

КъэпщытэныгъэхэмкъызэрыщIагъэщамкIэ, компание куэдым, тхылъ («квитанц») нэпцIхэр зэхалъхьэурэ, унагъуэхэм хуагъэхь, ятын хуей ахъшэм зыкъомкIэ хагъахъуэурэ. ЦIыхухэм «кIэщIатхэ» IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм, унэ щIыхьэпIэхэм, унащхьэхэм, щIыунэхэм электрокъаруэ къыщагъэсэбэпам пэкIуэ пщIэр.

КъищынэмыщIауэ, унагъуэ куэдым я электросчетчикхэр тэмэму лажьэркъым, хъийм икIауэ мэкIэрахъуэ киловаттхэр зыбж «шэрхъ» цIыкIунитIхэр. КъэбгъэлъагъуэмэI, апхуэдэ Iэмэпсымэхэм я процент 50-м щIигъур дерт зиIэу къыщыщIэкIащ Иркутск къалэмрэ областымрэ.

Сыт-тIэ щIэн хуейр, къулыкъузехьэ гъэпцIакIуэхэм ахъшэ лей «птрамыудыфын» щхьэкIэ? Шэч зыхуэпщIа Iэмэпсымэр IэщIагъэлIхэм (энергетикхэм ящымыщхэм) къегъэпщытапхъэщ, дерт зиIэу къыщIэкIа Iэмэпсымэр нэгъуэщIкIэ егъэхъуэжыпхъэщ (апхуэдэ къэпщытэныгъэ илъэсиплI къэс зэ ирагъэкIуэкIыпхъэщ электрокомпаниехэм, ауэ ахэр мы Iуэхум «щыхунэсыр» илъэс 16-м кърiубыдэу зэ закъуэщ!). Уи лъэIум хэплъэныр, дерт зиIэ Iэмэпсымэр пхуахъуэжыныр кIыхьлIыхь ящIмэ, прокуратурэм и лэжьакIуэхэм захуэбгъэзэн хуейщ - ахэращ энергетикхэр нэхъ зыфIэлIыкIри.

ОКУЛОВЭ Ольгэ.
«Аргументы недели».

Хъан-Джэрий СультIан и лIыгъэр

1837 ГЪЭМ, Кавказ зауэр екIуэкIыу, Урысейм и император Николай Езанэм мурад ищIащ бгырысхэр зэтеукIэныр къигъэувыIэу, мы щIыналъэм мамырыгъэр щигъэбыдэну. А Iуэхумкlэ сэбэп хъуну къилъытэри, Кавказым къигъэкIуат дзэм и министр Чернышев А. И. зи пашэ, полковник Хъан-Джэрий СультIани зыхэт гуп. А гупыр щыIащ Владикавказ, Екатеринодар, Ставрополь, Георгиевск къалэхэм, Къэбэрдейм и жылагъуэ зыбжанэм, бгылъэ щIыпIэхэм. Жылагъуэхэм я нэхъыжьхэр зэхуашэсурэ, Урысейм и лIыкIуэхэм ирагъэкIуэкIащ мамырыгъэ зэращIылIэн зэрыхуейм теухуа псалъэмакъхэр. А зэIущIэхэм жыджэру хэтащ, адыгэхэм къахуэщхьэпэн Iуэхухэр зэрихуащ Хъан-Джэрий СультIан.

«Шэрджэс лъагъугъуафIэкIэ» къеджэрт Хъан-Джэрий Бытырбыху щыпсэу цIыху цIэрыIуэхэм ящыщ куэд. ЖыпIэ хъунущ а лIы гъуэзэджэр адыгэ узэщIакIуэ нэхъыфI дыдэхэм яхэтлъытапхъэу: ар тхакIуэт, тхыдэтхт, этнографт, фольклористт. Хъан-Джэрий къыщыхъуащ бжьэдыгъу унагъуэм. И адэ Мэхьмэт-Джэрий и уэсятым тету, щIалэ цIыкIур IэщIалъхьащ Кавказым и проконсулу щыта Ермоловым. СультIан щеджащ Бытырбыху дэта кIэдет корпусым.

Псом хуэмыдэу Хъан-Джэрий и лъэпкъым сэбэп зэрыхуэхъуар и тхыгъэ гъуэзэджэхэмкIэщ. Абы къызэринэкIащ адыгэхэр цIыху дахэу, нэмысыфIэу, хахуэу къызыхэщ тхыгъэ купщIафIэхэу зыкъом.

СЕЛУНСКЭ Иринэ.
«Аргументы и факты».

● IэшырыI

Ара «правовой къэралыгъуэ» жыхуаIэр?

Политикэ лэжьакIуэхэм, цIыхубэ депутатхэм я фIэщыпэу жаIэ Урысейм «правовой къэралыгъуэ» жыхуаIэр (хабзэр, нэмысыр щытепщэр) щаухуэу. Ауэ фIэщщIыгъуейщ апхуэдэ псалъэмакъхэр. Сыт щхьэкIэ? ГъащIэм щытлъагъур нэгъуэщI къэралыгъуэщи.

Щапхъэхэр куэд дыдэ мэхъу. Фыщыдгъэгъуэзэнщ, псалъэм папщIэ, Ижевск дэт машзаводым иджыблагъэ къыщыхъуахэм. Мыбы щылажьэхэм я Iуэхухэр щIагъуэкъым: цеххэр кIуэ пэтми ягъэмащIэ, улахуэхэр дахэ-дахэу ятыркъым.

Апхуэдэ щытыкIэр ягу темыхуэу, лэжьакIуэхэм пэкIу ирагъэкIуэкIыну щыщIадзэм, мыхъумыщIагъэу я нэгу щIэкIахэр, бэлыхьу ирагъэшэчахэр Iуэтэгъуейщ. Заводым и генеральнэ директор Гродецкэм и «щIыхьыр яхъумэну» хущIэкъуурэ, «Ижмашым» шынагъуэншагъэмкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм щысхьыншэу яубэрэжьащ лэжьакIуэ пэрытхэр, щапхъэфI зыгъэлъагъуэу илъэс куэдкIэ къэгъуэгурыкIуахэр, «ветеран» жыхуаIэхэр.

Къэбгъэлъагъуэмэ, удын зэмылIэужьыгъуэхэр къытрадзащ зи ныбжь хэкIуэтахэу Тихоцкэ Денис, Кодяков Михаил, Киселевэ Татьянэ, нэгъуэщIхэми.

«Ижмашым» и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Удмуртием и предприятэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэу зэгуэрым щытар нобэ сыт и лъэныкъуэкIи лъэрымыхь хъуащ. Зыгуэрхэр нэрылъагъуу хущIокъу коллективыр «банкрот» жыхуаIэхэм хуэдэу къыщIрагъэдзыну, а мыгъуагъэм фейдэ мымащIэхэр къыхахыну. А мурадыр зрагъэхъулIэн папщIэ, абыхэм, зэрытлъагъущи, ялэжьыфынущ щIэпхъаджагъэ Iэджэ.

Гу зылъытапхъэщ мыри. «Ижмашыр» ещхьщ тенджызым щIилъэфэным нэса кхъухьышхуэм. Ауэ абы къыдэIэпыкъуну къыхуэпIащIэркъым властыр зыIэщIэлъхэр, политикэ лэжьакIуэхэр, цIыхубэ депутатхэр. Апхуэдэу-тIэ «правовой къэралыгъуэр» зэраухуэр?

ВИШНЯКОВ Владимир,
«Правда» газетым и обозреватель.

● США

44-нэ президент

Иужьрей зэманым цIыхубэ информацэм и лэжьакIуэхэр куэдрэ зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэр - США-м и президентыр хэхыныр - нэрылъагъу хъуащ, зэрыжаIэщи, «нэгум щIэлыр лъэгум кIуащ». Зэи мы къэралым и тхыдэм къыщымыхъуауэ, кIэрыкъ къыкIэщ цIыху фIыцIэхэм я лIыкIуэ Обамэ Барак, демократ партым къигъэлъэгъуар, пхигъэкIар. Цlыху псэлъэгу дунейм тетыр щогуфIыкI зи ныбжьыр зи щIэныгъэкIи къудым гуфIэ нэс ящыхуа а лIы телъафIэм и Iэужьхэри дахэу, щапхъэфIу щытыну.

● Цыджанхэм курду щхьэ забжрэ?

Узэсэр сэгъейщ

Баку и уэрамхэм зэхэзехуэн щащI хъуащ адэ-мыдэкIэ гупгупурэ щызэхэс факъырэхэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр цыджанщ, ауэ езыхэм забжыж к урд лъэпкъым щыщу. Хабзэ хъумэхэм къаубыд лъэIуэным хьэжьпэжь хуэхъуа лIыжь-фызыжьхэр, сабийхэр, милицэм нагъэс, хабзэ зэрыхъуауи, хуит ящIыж, «щывгъэт лъэIуэныр» - жраIэри. АвтобускIэ щашэжи къохъу къыздикIа къуажэхэм. АрщхьэкIэ мыгувэу къагъэзэжри, къалэшху эм къыдоувэ ж, я Iэхэр шияуэ цIыху зекIуапIэхэм щызэхоувэри, зыкъуэпсэукI мылъку тIэкIу-фэкIухэр къаугъуей.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Баку дэсщ цыджану мин зыбжанэ. Абыхэм мымащIэу яхэтщ лъэпкъкIэ азербайджану зызылъытэжхэри, муслъымэн диным и хабзэ гуэрхэр зыгъэзащIэхэри. Псори зыхуэIэзэр лъэIуэнырщ. IэщIагъэ зрагъэгъу этыну, еджэну е лэжьэну хущIэкъуухэр закъуэтIакъуэххэщ. Ар мыгъуагъэшхуэщ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, цыджанхэм я лъэр щиубыдыркъым къэралым къахузэригъэпэщ жылагъуэ цIыкIухэм, хьэблэхэм, унэ щхьэх уэ хэм. Езыхэр зэресам хуэ дэу, гугъуе хь Iэджэ хэр яшэчурэ, мэпсэу. Мэпсэу ерагъпсэрагъыу, цIыхухэм къыхуаший мылъку тIэкIухэр я щIэгъэкъуэну. Дахэ-дахэу шхэну, загъэпсэхуну Iэмал ягъуэтыркъым. Зи ныбжь хэкIуэ тахэм пенсэ кърат ыркъым. Бзылъхугъэхэм я нэхъыбапIэр уэрамхэм щопэкIу, ахъшэ къыхахыу. Абыхэм я щхьэгъусэхэр я егъэзыпIэхэм къащыпоплъэ. Мылъкуу хуахьыр яфIэмащIэмэ, цIыхухъухэм я щхьэгъусэхэр яубэрэжь. Нэхъеижыр унагъуэ куэдым, мылъку нэхъыбэ къаугъуеинымр я гуращэу, цIыхухэм я гур нэхъ зыщIагъэгъун щхьэкIэ, я сабийхэр ныкъуэдыкъуэ зэращIырщ - ар, дауи, хьэдэгъуэдахэ, гущIэгъуншагъэ дыдэщ.

Зэрыгурыlуэгъуэщи, цыджанхэм нэхъыбэу зыщыпсэур Азербайджаным и закъуэкъым. Ахэр щыкуэд Европэм и къэрал зыбжанэм, къэбгъэлъагъуэмэ Румынием. А къэралым щызэхалъхьащ программэ щхьэхуэ, цыджанхэр гъэлэжьыным, егъэджэным, спортым хэшэным теухуауэ. Шэч хэмылъу, апхуэдэ программэ къыщызэрагъэпэщыхьэт Азербайджанми. Ар къэралыр Европэм и Советым хэтщ, мылъкукIэ зыуей хуэзэу мэпсэу. Апхуэдэу, лъэкI щыIэщ Азербайджаным и программэ щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщыну, цыджанхэр лъэIуэныр щагъэгъупщэну, къэралым и зэфIэкIыр зэрылэжьыфу, щIэныгъэ ирагъэгъуэтыну. Ауэ, апхуэдэ Iуэхур щымытлъэщщыр къызэгъэпэщыныгъэм хуэунэтIащ.

АЛИЙ Камал.
«Северный Кавказ».

ХытIыгу цIыкIум и плъыфэхэр

● ГъэщIэгъуэнщ

Аэропортым къыщысIущIащ удз гъэгъа Iэрамэхэр зыIэщIэлъ цIыху къамылыфэ гуфIэнэIухэр. Ахэр къысхуэупсащ блэтхьэкIумэ щыгъэ дахэхэмкIэ - аращ мы щIыналъэм щыпсэухэм я хабзэр. Ахэр 1722 гъэм гуапэу пежьат Роггевен Якоб зи пашэ къэхутакIуэ экспедицэм. А махуэр, пасхэр щагъэлъапIэти, хытIыгу цIыкIум фIэщыгъэ хьэлэмэту къыхуэнащ.

ДАХАЩЭЩ мы щIыпIэр - ар гурэ псэкIэ щызыхьыбоуэщ джабэ нэхъ лъагэхэм ящыщ зым и щыгум. Аб деж ущытмэ, хуиту уолъагъу хытIыгур тенджыз гъунапкъэншэхэм къызэракIуэрихьыр. Мыбдежым къыщыгъурыIуу ит хьыбарым хуабжьу щIэщ. Мы хытIыгур плъытэ хъунущ ди планетэм и щIыпIэ нэхъ пхыдза дыдэхэм ящыщу.

Ар нэхъ зыпэгъунэгъу Чили къэралыгъуэм пэIэщIэщ километр минитIрэ щитI хуэдизкIэ. Зы жылагъуэ закъуэщ Пасхэм щыIэр, Ангэ-Роа зыфIаща къуажэрщ. 1967 гъэм мыбдежым щаухуащ «Матавери» аэропортыр. Абы и фIыщIэкIэ къуажэм ину зиужьащ, псы бжьамийхэр, электроIапсэхэр щаукъуэдиящ, еджапIэ, сымаджэщ, нэгъуэщIхэри щаухуащ.

Сэри куэд щIауэ сыщIэхъуэпсырт Пасхэ хытIыгур зэзгъэлъагъуну, ар къызэрызэхъулIар си гуфIэгъуэщ, нэхъ гукъинэж къысщыхъуахэр сотхыж.

Япэрауэ, щыгъуазэ зыхуэсщIащ къэхутакIуэ цIэрыIуэ Хейердал Тур къытIэщIэкIа Iуащхьэхэм, гъу джабзэм. А щIэныгъэлIым мытэмэму къилъытэрт мы хытIыгум и япэрей щIыхухэр Полинезием къикIауэ зэраIуатэр икIи абы дежу жиIащ ахэр Америкэ Ипщэм щыщу. ПсалъэкIэ е тхыгъэкIэ мыхъуу, кхъуафэжьей хьэкIэ ахэр нэгъэсыжыну хуэхъуащ, и Iуэху еплъыкIэр щигъэбыдащ, гъуэгуанэ кIыхьыр зэпиупщIри.

Илъэс псокIэ хытIыгур къикIутэщ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ бгъуэнщIагъ куухэр къыщитIри, Хейер дал тхылъ пIащэ итхащ, «Аку-Аку. Пасхэ хытIыгум и щэхухэр» жыхуиIэр.

ЩIэныгъэлIхэм я нэхъыбапIэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Пасхэм цIыхухэр щыпсэу хъуащ лъэхъэнэщIэм и 500 гъэхэм. Зыми пыщIэныгъэ хуамыIэу, зи хъуреягъым хы фIыцIэ къыщыщIэрт хытIыгум, дунейм тетыр зэры-щIэну я пIэ тет зы цIыху хуэдиз... (иужьрей цIыхухэм) я хьэрхуэрэгъу мыхъужыху... Рапа-нуйхэм я IуэрыIуатэм хэтщ удэзыхьэх псысэ, хъыбар куэд. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «ЦIыху-бзу» жыхуаIэхэр. Зи къарум къигъэгугъэ цIыхур метр 400 зи лъагагъ бгым къелъэрти, гу элыпс куу ум хэпкIэрт, абы хэт хытIыгу цIыкIунитIэм нэсырти, хы тхьэрыкъуэм и джэдыкIэ зыIэригъэхьэрт, ар иIыгъыу езыгъэжьахэм къащыхыхьэ жкIэ, «ЦIыху-бзу» цIэ лъапIэр къыфIащырт, щыпIэм щыпсэу лъэпкъым и Iэтащхьэ («во жды») ящIырт, и щхьэщ пащIэ-жьакIэр яупсырти, хэти щхьэщ къыхуныщу, тетыгъуэр иухыхункIэ (нэгъуэщI зыгуэрым «ЦIыху-бзу» фIащыхункIэ).

Иджырей рапа-нуйхэм яхуэмыщ я бзэр, щэнхабзэр, щыгъыныр. Ахэр я хэзэм егуэпыIэ испанибзэхэм, инджылызыбзэхэм, французыбзэхэм, ауэ езыхэр зэрызэпсэлъэр я анэдэлъхубзэмкIэщ.

ШАГАЛОВЭ Иринэ.
«Эхо планеты» журнал.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Зи гъащIэри зи гуащIэри театрым езыпха Балъкъэр Тамарэ

Ди гъащIэм нэгъуэщI нэкIэ драгъэплъыжыф гъуазджэм и лэжьакIуэхэм: тхакIуэхэм, усакIуэхэм, артистхэм, сурэтыщIхэм, макъамэтххэм... АбыкIэ Т хьэр зыхуэупсахэм ящыщщ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар мы махуэхэм зыхуагъэлъапIэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Балъкъэр Тамарэ.

Актрисэм и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ ущытепсэлъыхьым деж, щэху гу зэрхэр къыумытIэщIу, абы и псэм игъафIэ лъапIэныгъэхэм уlъэмыIэсу, псалъэ гъущэ зыбжанэкIэ утетхыхьыфыркъым. Аращ апхуэдэхэм деж нэхъыбэрэ къэдгъэсэбэп интервью жыпхъэм иту Балъкъэр Тамарэ къедгъэIу атэ къудейм тхыгъэр къыщIимытIэсар.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и утыкум Балъкъэр Тамарэ къызэрихьэжрэ илъэс тIощIым зэрыщIигъуа щыIэкъым. Абы и пэкIэ адыгэ актрисэ зэчиифIэм Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэр къиухащ, 1975 гъэм Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым къигъэзэжащ, илъэситIкIэ Налшык щылэжьауэ, Кишинев (Молдовэ) къалэм дэт, А.П.Чеховым и цIэр зезыхьэ урыс драмэ театрым ирагъэблэгъащ. Ауэ ди лъэпкъэгъу актрисэм нобэр къыздэсым адыгэ театреплъ куэдым «хуагъэгъуфыркъым» абы и творческэ щIалэгъуэр, и къару илъыгъуэр, и дахэгъэр нэгъуэщI театрым тыхь зэрыхуищIар. Апх уэдэу щытми, Балъкъэр Тамарэ адыгэ театр гъуазджэм хилъхьар мащIэкъым, езым игъэзэщIа роль гъуэзэджэхэми актер IэщIагъэм хуригъэджахэмрэ ноби иригъаджэхэмрэ ятепщIыхьмэ.

Къэбэрдей драмэ театрым, Гъуаздж эхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжым яку дэлъ гъуэгур махуэм и кIуэцIкIэ Тамарэ зэкъым зэрызэпичыр (е, нэхъ пэжу жыпIэмэ, зэрызэпищIэр). А IуэхущIапIэхэм абы сыт щыгъуи цIыху куэд къыщыпоплъэ, дэтхэнэм дежи щынэIурытщ, зэм актрисэщ, зэм гъэсакIуэщ. Балъкъэр Тамарэ зыщыхуэзгъэза махуэми а лъагъуэхэм дыкърикIуащ, куэдми дытепсэлъыхьащ. Зи гугъу тщIа къомым къагъэбэта гукъэкIыжхэм ар къыхэзышыжар «У и махуэ фIыуэ, Тамарэ!» - жаIэу абы къыIущIа ныбжьыщIэ гупырщ. Ахэр актер IэзагъымкIэ кафедрэм и унафэщI Балъкъэр Тамарэ и гъэсэнхэрат. Иджырей адыгэ студием хэт цIыху 11-р (щIалихрэ пщащитхурэ) илъэс етIуанэм хыхьауэ Тамарэ ирегъаджэ.

...Дэтхэнэ артистми и плъапIэ утыкушхуэхэм зыкъыщигъэлъэгъуэну зи насып къихьа, театр гъуазджэ лъагэм и курыкупсэм пIалъэ кIыхькIэ хэпсэукIа, куэдрэ Iэгуауэшхуэ зыхуаIэта, зэчий гъунапкъэншэ зиIэ актрисэ Балъкъэр Тамарэ, зэрыжытIащи, Молдовэм щылэжьащ. ЗэрыхуэзэфIэкIым елъытауэ, ар Кишинев, илъэси 10-м щIигъукIэ щылэжьа театрым макIуэ, и лэжьэгъуу щытахэм, и цIыхугъэхэм яIуощIэ. ИкIи сыт щыгъуи гуапэу абыхэм Балъкъэр Тамарэ ирагъэблэгъэ ж, зэгуэр а театрым игъэзэжынкIэ къызэрыщыгугъым и щыхьэтуи ди лъэпкъэгъу актрисэм зыщигъэхьэзыру, грим щызыкIэрилъхьэу щыта, нобэм къэс абы и цIэр зи бжэм тет пэшри зыри щIамыгъэхьэу хуахъумэ.

ИлъэсиплI мэхъу Балъкъэр Тамарэ нэхъ иужьыIуэу Кишинев зэрыкIуэ лъандэрэ. Абы щыгъуи ар щыIащ и творческэ гъащIэм щыщу илъэс куэд тыхь зыхуищIа урыс драмэ театрым. Тамарэ гуапэу къыпежьат ар къэзыцIыхуу щыта нэхъыжьхэри, къыдэлэжьэну хунэмыса щIалэгъуалэри. «Анзор, - къыжраIэрт абыхэм Тамарэ и къуэм, - уэ пщIэркъым уи анэр зэрыцIыху телъыджэр. Абы и нэ пIащитIым ущIэплъэу зэи пцIы пхуэупсынукъым, хьилагъэ гуэри пхузэпыщэнукъым. Тамарэ ди актер гупым и «уэркъ гуащэт», ди сценэр игъэдахэр т, игъэнэхурт!» Нэхъыжьхэм я псалъэм нэхъыщIэхэм къыпащэрт апхуэдизрэ зи гугъу зэхаха актрисэ гъуэзэджэр зрагъэцIыхуну Iэмал зэраIэр я гуапэ зэрыхъуар.

Театрым къыщыдэлэжьахэм къыхужаIэ щытхъу псалъэхэм я мызакъуэу, Балъкъэрым и зэфIэкIым куэдрэ тетхыхьащ а щIыпIэм щыIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр. Абыхэм къызэрыхагъэщамкIэ, «Мир перевернулся», «Старый дом», «В ночь лунного затмения» спектаклхэм, нэгъуэщIхэми къыщылъыса ро лхэр къехъу лIэнымкIэ Тамарэ къыхуэщхьэпащ урыс теплъэ зэримыIэр. КъуэкIыпIэ тхьэIухудхэм ирагъэщхь адыгэ пщащэр къызыхуэтыншэу абыхэм щыджэгуащ, апхуэдэ щIыкIэкIэ режиссерым и мурадым техуэнри, театреплъхэм ягу дыхьэнри къехъулIащ.

- Актер IэщIагъэр къыхэзыхым къыгурыIуэн хуейуэ къызолъытэ, - жеIэ Тамарэ, - дунейм узэрытет, цIыхухэм уазэрыхэт хабзэхэм къызэщIамыубыдэ, къемызэгъ куэд абы зэрыхэлъыр. Утыкум сыкъихьа нэужь, сэ сы-Тамарэжкъым, атIэ пьесэр зи Iэдакъэщ IэкIымрэ режиссерымрэ «къыспаубыд» теплъэр, образыр къызэрызгъэлъэгъуэным сыхущIокъу. Псалъэм папщIэ, утыкум сыкъимыхьэ щIыкIэ градус 40-м нэсу плъыржьэру сыщыту, сысымаджэу е сыгукъыдэмыжу ирихьэлIэнкIи мэхъу, ауэ утыкум сыкъихьакъэ, а псори зыгуэрым IэкIэ сщхьэщихам хуэдэу, нэгъуэщI цIыху сохъури, си ролыр и кIэм нызогъэс. Ар къызэхъулIэр си закъуэу аракъым, адрейхэри апхуэдэущ зэрылажьэр. Арауэ къыщIэкIынщ артистым езым и зы гъащIэм къыдэкIуэу нэгъуэщI зэмылIэ ужьыгъуэ куэди «къигъэщIэн» щIыхузэфIэкIыр.

Зыпэрыхьэ ролхэр къызэрехъулIэм и щэхухэм, актер IэзагъкIэ зэджэм и щхьэхуэныгъэхэм сыщыщIэупщIэм, Тамарэ къызжиIащ ар налъэ куэду зэрызэхэлъыр.

- Спектаклым елэжьыным къыщыщIидзэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, режиссерым къыхиха пьесэр щIэджыкIынырщ, уэ къыплъыс ролым нэIуасэ зыхуэпщIынырщ. Абдеж щегъэжьауэ къыболъыхъуэ ар нэхъ гъэщIэгъуэну, адрейхэм хуэмыдэу, щIэщыгъуэу агъ гуэр хэлъу утыку къызэрипхьэну щIыкIэр. Уи «лIыхъужьым» и теплъэр нэхъыфIу къызэрохъулIэн Iэмалхэм ящыщу сэ къэзгъэсэбэпыр (ар си студентхэми къызэрезгъэщтэным сыхущIокъу) абы и «биографие зэхэлъхьэнращ». Нэгъуэщ Iу жыпIэмэ, пьесэм къыщымыгъэлъэгъуауэ, авторыр темытхыхьауэ, театр утыкум къимыхьэ щIыкIэ а «лIыхъужьым» иIа гъащIэр, абы и хьэл-щэным лъабжьэ хуэхъуа къэхъукъащIэхэр, и дуней еплъыкIэм зезыгъэхъуэжа щытыкIэхэр къэгупсысын хуейщ. Абы иужькIэщ къэбгъэщI теплъэр «иризыгъэкъу фащэхэр» щыщыптIэгъэнур. ИтIанэщ утыкум къипхьа образыр цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн щыхъунур, ролыр къыщохъулIэнур. Арыншауэ сценэм укъихьамэ, пьесэм къыщыплъыс псалъэхэр гукIэ зэбгъащIэри, костюмерым къыпхухиха фащэр бгъэлъэгъуауэ аркъудейщ.

Иджырей куэдым я фIэщ пхуэщIынукъым псори къызэринэкIыу къыщалъхуа лъахэм Тамарэ къыщIэкIуэжар и хэкумрэ и анэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэм зэремыбэкъуэфар арауэ. Нэхъыбэр зэгупсысынур зыщ: фIым и щIыIукIэ фIы къалъыхъуэркъым. Ауэ гъащIэр матэ щIэдзакъым, абы и хабзэ ткIийхэм ящыщщ ущыпэмыплъэххэм ирихьэлIэу удын гуащIэхэр къыуидзыныр.

Кишинев дэт урыс театрым илъэс зыбжанэ хъуауэ щылажьэу, Тамарэ къыщалъхуа унагъуэм гуауэ къихъуащ: и адэр дунейм ехыжащ, абы иужькIэ и гур узу и анэр сымаджэщым щIэхуащ. ЗэкIэлъхьэпыту игъэва гуныкъуэгъуэ хэр Тамарэ и фэ дэ хуакъым, Кишинев игъэзэжа къудейуэ, репетицэхэм ящыщ

зым хэту, ар сымаджэ къэхъуащ, и тхыцIэм хэлъ псантхуэр къеузу сымаджэщым нагъэсащ. Дохутырхэм операцэ щIын хуейуэ жаIэрт, ауэ абы къриклIуэнкIэ хъунум шэч къытрахьэрти, актрисэр игъащIэкIэ ныкъуэдыкъуэу къэнэнкIэ шынэрт. Абый къебэкъуэфащ Тамарэ, и гъащIэрэ и гуащIэрэ дунейм телъти, и хущхъуэгъуэ зыхэлъ къигъуэтащ, лъэ быдэкIи утыкум къихьэжащ.

- Сыт хуэдэу уи Iуэху къемыкIуэкIми, сыт къыпщымыщIами, гукъыдэж уиIэми уимыIэми, театреплъым а псор ищIэн хуейкъым. Ар театрым къыщIэкIуэр езым и гуныкъуэгъуэхэм хэзыгъэщIын гупсэхугъуэ игъуэтын щхьэкIэщ. Аращ спектаклым щыщIидзэм щегъэжьауэ ар иухыху сыт хуэдэ хъыбарри утыкум ит джэгуакIуэм щIыжрамыIэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, театрыр киноm хуэдэкъым, щэ ныкъуэрэ къытебгъэзэжурэ уджэгуа нэужь, зэ къохъулIа теплъэгъуэр къыхэпхыж хъууэ щыткъым. СощIэж, Москва еджакIуэ сымыкIуэ и пэ, адыгэ театрым сыщыщылэжьа лъэхъэнэм, «Фызышэ щэху» спектаклым Болэ Мурат си адэшхуэу сыщыджэгурт. Ар пщыхьэщхьэм дгъэлъэгъуэнут, махуэм «Революцэм и цIэкIэ» спектаклыр дгъэлъэгъу ат. Абы щыджэгу Шэрий Азрум сыт щыгъуи хъуэрыбзэ дахэкIэ къыддэгушыIэу къытхэтт, ауэ а махуэм нэщхъеифэт. Утыкум къыщихьэнум пэплъэу зыщIыпIэ деж щетIысэхамэ, щхьэукъуэу къысфIэщIти, зыгуэркIэ тезгъэун си гугъэу сепсалъэурэ, спектаклри зэфIэкIащ, махуэр кIуащ. Пщыхьэщхьэм адрей спектаклыр екIуэкIыу, зыгу эрым къыджиIащ Шэрий Азрум дунейм зэрехыжар. Угемыпсэлъыхьми хъунущ спектаклыр и кIэм зэрынэдгъэса щIыкIэми ди джэгукIами... Си нэгу щIэтщ Болэ Мурат и макъыр зэпытхъыу, и гум щыщIэр фэкIэ къимыгъэлъэгъуэну зэрыхущIэкъу ар: дэ дыхуиткъым спектаклым щымыщу ди гум щыхьэ г уэркIэ театреплъым зыкъедгъэщIэну.

Абы дыкъыхуреджэ театр гъуазджэм и гуащIэм!

Театр училищэм и еплIанэ курсым щIэсу Тамарэ унагъуэ ихьащ икIи щхьэгъусэ хуэхъуа, Вахтанговым и цIэр зезыхьэ театрым (Москва) и режиссер икIи актер Тодоров Илья дэщIыгъуу Кишинев дэт урыс театрым лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ.

Актрисэ псори Москва е нэгъуэщI къалэшхуэхэм я театр утыкухэм зыкъыщагъэлъэгъуэну зэрыхуэпабгъэм гъэщIэгъуэни, Iуэхум къемызэгъ гуэри хэлькъым, ар абыхэм я дежкIэ къызэрыгуэкI хъуэпсапIэщ, ауэ «жылэм емыщхь» Балъкъэр Тамарэ апхуэдэ утыкушхуэхэм зыкIи дахьэхыртэкъым икIи япэ лъэбакъуэ хэр щича адыгэ театрым къэкIуэжыну къыхуеIэрт.

- Япэ лъэхъэнэхэм сэ сыхуеят си щхьэгъусэр къыздэсшэу Налшык къэзгъэзэжыну, - игу къегъэкIыж Тамарэ. - АбыкIэ акъылэгъу къыздэхъуат а зэманым ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэни. Ари хуейт режиссер цIэрыIуэр ди урыс театрым щылэжьэну. АрщхьэкIэ, егъэблагъэ тхылъыр Молдовэм къикIыу нэхъапэ къыщытIэрыхьэм, Кишинев дыкIуэн хуей хъуащ. Ауэ иджыри сыдэмыкIуэ щIыкIэ щхьэгъусэ схуэ хъуну м къыгурызгъэIуат дэнэ дыщымыпсэуми, сэ зым фIэкIа бын зимыIэ си анэм и жьыщхьэ и закъуэу къэзгъэнэну сызэрыхуимытыр. И гуэныхь сыхуейкъым, си щхьэгъусэм сызэхищIыкIащ, Налшык сыкъэкIуэжыну сигу къихьауэ зэи сыкъигъэувыIакъым, сыкъэкIуэжыпэну мурад щысщIами къыспэрыуакъым. Зэкъуэчауэ дыпсэун хуей хъуами, псалъэмакъ мыщхьэпи зэщыIеинягъи дяку къыдэхъуакъым, ар псэуху дызэкIэлъыкIуащ, ди щIалэ закъуэр зэдэтпIащ.

Кишинев щыщыIа лъэхъэнэм, жыпIэнуракъэ, Тамарэ и творческэ гъащIэр къызыху этыншэт, у эру къикъ уэлъыкIырт. Балъкъэр Тамарэ урыс театрым зэрыщыIэм къыдэкIуэу, актер Iэзагъым ныбжьыщIэхэр хуигъасэрт, кино щытрах студием, телевиденэм, радиом ядэлажьэрт. ЦIыху мелуаным щIигъу зыдэс къалэшхуэм актрисэр къыщацIыхурт, театреплъхэр гъунэжу яIэт, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм «нэ лейкIэ» щеплъ зэманти, зыхуеину псомкIи я гъащIэр къызэгъэпэщат. КIуэ аракъэ, нэ хъыфIкIэ ущIызыхуэупсэжын щыIэтэкъым. Зы закъуэт Тамарэ къехьэлъэкIыр - и анэмрэ и хэкумрэ зэрапэIэщIэрт, ауэ щыхъукIи а тIур ущимыIэм, адрей псори абы фагъуэ зэрыщIэхъукIри псынщIэу игъэунэ хуат. «СыщыIэщ ахъумэ, сыпсэуркъым», - Тамарэ щыжиIэкIэ, Илья и жагъуэ хъурт, гупсэхугъуэ къызыхихын гъащIэ и щхьэгъусэм зэрыримытыфым щхьэкIэ. Аращ Налшык къэкIуэжыпэну Тамарэ щытегушху эм, и щхьэгъусэр абы пэрыуэну щIыхуэмеяр.

Тамарэрэ Ильярэ я къ уэ Анзори къыдалъхуауэ актер зэчий хэлъщ, уеблэмэ щыцIыкIум сабий роль зыбжанэ щигъэзэщIауэ щытащ и адэ-анэр щылэжьа урыс театрым. Ауэ балигъ щыхъум, ар юрист IэщIагъэм хуеджащ, иджыпсту абы IэнатIэ хьарзынэ КъБР-м и Парламентым щрехьэкI.

Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и сценэм Балъкъэр Тамарэ къызэрихьэжрэ илъэс тIощIым щIигъу дэкIащ. А зэманым къриубыдэу актрисэ зэчиифIэм адыгэ театреплъхэр щIэрыщIэу къыдихьэхыжащ, нэхъыщхьэращи, и гъащIэм зыщIэхъуэпса лъэпкъ театрым и утыкур игъуэтыжащ, езым фIыуэ илъагъу IэщIагъэм ныбжьыщIэхэр хуегъасэ. А псом Балъкъэр Тамарэ гупсэхугъуэ ин къретри, и зэфIэкIми и къаруми Тхьэм къыхупищэ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.



Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» спектакль нэужьым. СэмэгумкIэ щыщIэдзауэ еплIанэу щытыр Тамарэщ *(2000 гъэ)*.

●ДифI догъэлъапIэ

Балъкъэрхэ Тамарэрэ Юрэрэ спектаклым щоджэгу *(1975 гъэ)*.

● Ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм я псалъэ

Чэнджэщэгъу ахъырзэман

Ащхъуэт Беслъэн, *гъуазджэ щIэныгъэхэм и доктор, профессор, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым (СКГИИ) и проректор:*

- Дэтхэнэ зы гупми яхэтщ абы псэ хэзылъхьэ, абыхэм я зэхэтыкIэ дахэр зыдалъагъу цIыхухэр. Егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу, Тамарэ абыхэм ящыщ зыуэ къэплъытэ хъунущ. Ар сытым дежи нэфIэгуфIэщ, мурадыфIрэ псэ къабзэрэ зиIэ цIыхущи, малъхъэдисым хуэдэу зыщIешэ нэIуасэ къыхуэхъу нэхъыжьи нэхъыщIи.

Балъкъэр Тамарэ театр факультетым актер IэзагъэмкIэ и кафедрэм и унафэщIщ. Псалъэ къудейм къыщынэркъым Тамарэ зэрыунафэщIыр, атIэ егъэджэныгъэр екIуу къызэзыгъэпэщ, ар тэмэму зэкIэлъызыгъакIуэ IэщIагъэлI нэсщ. Дэтхэнэ зы студентми абы гулъытэ хэха хуещI, дэтхэнэм и гуныкъуэгъуэри ещIэ, дэтхэнэми щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъуным яужь итщ. Студентхэм я гум щIыдыхьэри фэрыщIагъ хэмылъу пэжкIэ зэрабгъэдэтыр арагъэнщ.

И илъэс бжыгъэ дахэмкIэ сохъуэхъу. Сыхуейщ егъэджакIуэ, артисткэ гъуэзэджэм узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ иIэну.

Мыд Мадинэ, *СКГИИ-м и театр факультетым и декан:*

- Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу, ди лэжьэгъу икIи ныбжьэгъуфI Балъкъэр Тамарэ къыщалъхуа махуэ лъапIэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу, и дахагъэри и узыншагъэри мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ къытхэтыну, и нэщхъыфIагъэм къэзыухъуреихь псори дэщIэращIэу псэуну. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Тамарэ цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъыр, къыдэлажьэхэми иригъаджэхэми фIы дыдэу зэрытлъагъур. Ар сыт къызыхэкIыр жыпIэмэ, Тамарэ цIыху гуапэщ, нэхущ, лъагъугъуафIэщ, жэуаплыныгъэ хэлъщ, сыт хуэдэ IуэхукIи дзыхь ебгъэз мэхъу. Иджыри къэс къэхъуакъым абы и дэIэпыкъуэгъу дыхуэныкъуэу, езым и Iуэху япэ щригъэща. Псори зригъэтIылъэкIынурэ, уэ къызэрыпхуэщхьэпэным хущIэкъунущ. Абы къегъэлъагъуэ Тамарэ дежкIэ ныбжьэгъугъэр зэрылъапIэр.

А псом къадэкIуэу, Балъкъэр Тамарэ и IэщIагъэм хуэIэижьщ. Абырэ сэрэ, зэрыжаIэу, институтыр къызэрызэIуах махуэ лъандэрэ дызэдолажьэ. Иужьрей илъэс зыбжанэм, сэ театр факультетым и унафэщI къалэныр пщэрылъ къызэрысщащI лъандэрэ, Тамарэ сэрэ нэхъ гъунэгъу дызэхуэхъуащ, дызыпэрыт IэнатIэм епхауэ сыт хуэдэ IуэхукIи дызэрощIэ. Абы къыхэкIыу сэ жысIэфынущ ар гукIи псэкIи етауэ и лэжьыгъэм зэрыпэрытри иригъаджэхэм я Iуэху дэкIыным жэуаплыныгъэшхуэ хэлъу зэрыбгъэдыхьэри. Си псалъэхэр адрей ди лэжьэгъухэми къызэрыздаIыгъынум шэч къытесхьэркъым, ауэ абы щыхьэт техъуэ зы щапхъэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Балъкъэр Тамарэ иригъэджахэм зэращымыгъупщэр, фIыщIэ инрэ пщIэшхуэрэ къызэрыхуащIыр: зы махуэшхуэ блэкIыркъым иригъэджахэм къабгъэдэкI хъуэхъу тхыгъэхэр Тамарэ къыIэрымыхьэу е лъагъунлъагъу къыхуэмыкIуэу.

Сригушхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт зэрыегъэджакIуэфIым къыдэкIуэу, Балъкъэр Тамарэ Къэбэрдей драмэ театрым и актрисэ пажэхэм зэращыщыр, дзыхь къыхуащI дэтхэнэ ролри нэгъэсауэ къызэрехъулIэр, а IэнатIэм къыщыдэлажьэхэми пщIэ лей къызэрыхуащIыр. Ар щыджэгу спектаклхэр зэрыблэдмыгъэкIыным дыхущIокъу, и ехъулIэныгъэхэм дыщогуфIыкI, икIи гу лъыдотэ ар театреплъхэм фIыуэ зэралъагъум, и джэгукIэр цIыхубэм гунэс зэрыщыхъум.

И анэ Жанпагуэрэ и къуэ Анзоррэ я гъусэу *(2002 гъэ)*.

Дохъуэхъу дяпэкIи ехъулIэныгъэрэ узыншагъэ быдэрэ иIэну, иджыпсту зэрыщытым хуэдэу, щIалэу икIи дахэу лъэпкъ театрым и утыкур илъэс куэдкIэ игъэбжьыфIэну.

ЩауэцIыкIу Людмилэ, *СКГИИ-м гуманитар щIэныгъэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, культурологием и кандидат:*

- Тамарэ зэчий зыбжанэ гъэщIэгъуэныщэу зэщIэжьыуэу зыхэлъ цIыхущ. Ар актер гъуэзэджэщ, егъэджакIуэ телъыджэщ, цIыхугъэшхуэ зиIэ адыгэ бзылъхугъэщ, гу къабзэщ, зэчий абрагъуэ бгъэдэлъщ, хэти зыщIигъэкъуэну хьэзырщ. Апхуэдэуи къыхэзгъэщыну сыхуейт Тамарэ адыгэ щэнхабзэр, къызыхэкIа лъэпкъым и къуэпсхэр фIыуэ зэрилъагъур, абыхэм гулъытэ хэха зэрахуищIыр.

ФIыгъуэу щыIэр къыплъысыну, Тамарэ!

КIумыхъу Людмилэ, *СКГИИ-м музыкэм и тхыдэмрэ теориемкIэ и кафедрэм и унафэщI, доцент:*

- ЛэжьакIуэ гуп ущыхъукIэ, къыбдэлажьэ, къыбдэгъуэгурыкIуэ цIыхум и хьэлымрэ щэнымрэ лъэныкъуитIкIэ укъыщоплъ: и цIыху хэтыкIэмрэ зыпэрыт IэнатIэр зэрырихьэкI щIыкIэмрэ. Ди ныбжьэгъу икIи ди лэжьэгъу Балъкъэр Тамарэ а лъэныкъуитIым тепщIыхьу утепсэлъыхьмэ, ар егъэлеяуэ зэрыцIыху гуапэр, сыт хуэдэ Iуэхури къыбдиIыгъыну ущыгугъ зэрыхъунур къыхэгъэщыпхъэщ. А хьэлыфIхэр зыпсыхьар гъащIэ дерсхэм я закъуэкъым, атIэ къыдалъхуауэ и лъым хэту, апхуэдэу ягъэсауэ арагъэнущ. А псом къадэкIуэу, Тамарэ бзылъхугъэ гуакIуэщ, къэухь ин зиIэщ, уепсалъэкIи убгъэдэткIи зыщыбгъэнщIыркъым, гугъуехьхэм япIытIакъым, атIэ япсыхьащ.

Актер IэзагъымкIэ кафедрэм и унафэщI, гъэсакIуэ икIи егъэджакIуэ Балъкъэрыр зыхуэдэ лэжьакIуэр жыпIэмэ, абы псалъэншэу щыхьэт тохъуэ Тамарэ театр утыку къришэ и гъэсэнхэм я зэфIэкIыр. Дэ, абы и лэжьэгъухэм, тщIэркъым и мурадыр къехъулIэн папщIэ къигъэсэбэп Iэмалхэр. Ар дэркIэ щэхущ, дэтхэнэ цIыху IэпщIэлъапщIэм и лъэщапIэ бжэщхьэIум къыфIимых щэху зэриIэм ещхьу. Нэхъыщхьэращи, Тамарэ хуэзэфIокI еджакIуэ къыхуэкIуэ ныбжьыщIэхэм я зэчийр «къызэкIуэцIихын». Тамарэ иригъэджа ныбжьыщIэхэм къахэкIащ актер хьарзынэхэр. Ахэр ди республикэм и театр утыкухэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къалэ куэдым щолажьэ. И гъэсэнхэри, и лэжьэгъухэри, и ныбжьэгъухэри, Iыхьлы-благъэри Тамарэ къызэрыхущытым псалъэ лей хэмыту къаIуатэ ар сыт и лъэныкъуэкIи зэрыцIыху щыпкъэр.

Шыбзыхъуэ Басир, *Щоджэнцlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артист:*

- Си фIэщ схуэщIыркъым ди гупыр, Щукиным и цIэр зезыхьэ еджапIэ нэхъыщхьэр къызэдэзыухахэр, ди лъэпкъ театрым и нэхъыжь хъуауэ. Москва дыщыкIуэм дэ курыт еджапIэр къэдуха къудейт, Тамарэ театрым щылажьэрт. Ролышхуэхэр кърату щIадзауэ «мы IэщIагъэм сыхуеджэну сыхуейщ», жиIэри ди гъусэу нафIэкIуауэ щытащ.

Тамарэ езым къыгурымыIуэ щIыкIэ актер IэщIагъэм ар къыхихат, артист зэрыхъунур и натIэм тетт жыхуаIэм хуэдэу. ЕджапIэ дыздэкIуам ар хъарзынэуи щеджащ, цIыху хэтыкIэ екIу зиIэ бзылъхугъэр псоми дахэу къыддэгъуэгурыкIуэрт.

Дэ театрым куэд хэтщIыкIыртэкъым, Тамарэ абы и щэхухэм щыгъуазэти, сытым дежи чэнджэщэгъу къытхуэхъурт, гугъуехь гуэр дыхуэзэми, хэкIыпIэ хъунур убзыхуауэ къыджиIэрт. Сэ япэу спектакль пычыгъуэ зыдэсщIауэ щытар Балъкъэрырщ. Студент куэд зыщIэс курсым щеджэ псоми роль нэхъыщхьэхэр ягъэзэщIэну къалъысыртэкъыми, егъэджакIуэр къыддэмыIэпыкъуу дгъэув теплъэгъуэмкIэ актер дызэрыхъунур наIуэ тщIыуэ арат. Абы щыгъуэ ди лэжьыгъэр фIы хъуауэ къызэралъытам си лъэр щIигъэкIар пцIыкъым, ди ехъулIэныгъэр зыдэслъагъури Тамарэщ.

Ар егъэлеяуэ цIыху тыншщ, хэти бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтыфынущ. ЕджапIэм дыщыщIэсам хуэдэ дыдэу, ноби гупгъэдахэщ, щIэгъэкъуэн нэсщ, егъэлеяуэ гупцIанэщ. Сценэм екIуу зэритым къыдэкIуэу, ар ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и кафедрэми и унафэщIщ, егъэджакIуэгъэсакIуэ гумызагъэщ. Тамарэ и унафэм сыщIэту сэ институтым сыщолажьэри, абдеж къыщыстрикъуэм, театрым деж щытызокъуэж *(мэдыхьэшх)*. И гуащIэр мыкIуэщIу псэуну си гуапэщ.

Къубатий Мухьэмэд *Къэбэрдей драмэ театрым и литчастым и унафэщI, режиссер:*

- Сэ Балъкъэр Тамарэ куэдрэ сыдэлэжьакъым, ауэ си гум ихужыркъым Нало Заур и «Кърy закъуэр» щыдгъэувым ХьэбалЭ и анэм и ролыр абы зэригъэзэщIауэ щытар. Аращ Къаныкъуэ Заринэ и «Нагъуэ и унагъуэ» пьесэр къыщыхэтхам, абы Тамарэ щыджэгун хуейуэ къыщIэслъытар. Анэм и ролыр куэдым ягъэзащIэ, ауэ абы анэгур, анэпсэр къызэригъэлъагъуэм зыри щIыхьэнукъым.

Тамарэ куэд зыхузэфIэкI, абы щыгъуэми зыгуэр зыхуригъэщIэным зэи хуэмыпабгъэ цIыхущ.

Щэрмэт Людмилэ, *КъБР-м и цIыхубэ, КъШР-м щIыхь зиIэ я артисткэ:*

- Тамарэ дэрэ дызэкурсащ. Дэ школыр къэдуха къудейуэ, Тамарэ дэр нэхърэ тIэкIу нэхъыжьу къытхэхуауэ Москва дыкIуэри, зы пэши дыщIэсащ. НыбжькIэ къызэрытщхьэщыкIышхуэ щымыIэми, ди шыпхъу нэхъыжьым хуэдэу къытхэтащ ар, и жыIэм дедаIуэу, ди чэнджэщэгъуфIу.

Молдавием къикIыжу ди театрым щылэжьэн щIидзэжа нэужь, тIуми зы роль зыбжанэрэ тщIыну (чэзууэ дыджэгуу) къытхуихуащ. Апхуэдэхэм деж щыIэщ езым и лэжьыгъэр нэхъыфIу къилъытэжу, фыгъуэ-ижэ къыхэкIыу. Тхьэм и шыкуркIэ, дэ апхуэдэ зэхущытыкIэ лъэпкъ ди зэхуаку къыдэхъуакъым. Дызэчэнджэщу, дызэдэIэпыкъуу, Тамарэ «мыпхуэдэу пщIымэ нэхъыфIщ» къыщызжиIэм деж абы седаIуэу дызэдэлэжьащ, нобэми апхуэдэу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ.

Тамарэ и гур къабзэу, псоми садэIэпыкъуарэт жиIэу апхуэдэщи, Тхьэм и мураду хъуар кърригъэхъулIэ. Роль нэхъыбэ иIэну, театреплъхэм фIыуэ къалъагъу зэпыту екIуэкIыну си гуапэщ.

Къэжэр Борис, *КъШР-м щIыхь зиIэ и артист:*

- Балъкъэр Тамарэ зэфIэкI зиIэ артисткэщ. Езы Тамарэ ищIэжу къыщIэкIынщ, ар Адыгэ театрым къыщыкIуэжам «Тхьэм и шыкурщ, зы цIыху губзыгъэкIэ ди гупыр нэхъыбэ хъуащи», - жесIауэ щытат.

И артистыгъэм пэшачэ цIыхугъэ ин хэлъщ абы. УгушыIэнумэ къыбдэгушыIэнущ, уджэгунумэ къыбдэджэгунущ, екIуу зыбгъэпсэхунумэ зыкъыбдигъэпсэхунущ.

Си гуапэщ и унагъуэкIи и лэжьыгъэкIи ехъулIэныгъэ иIэну. Тамарэ сехъуэхъу хуэдэу, сэри сызэхъуэхъужынщи, Тхьэм узыншэу куэдрэ дызэдигъэлажьэ.

КIэхумахуэ ФатIимэ, *актрисэ, Тамарэ и гъэсэн:*

- Тамарэ сригъэджащ, фIыуэ солъагъу икIи сыхуэарэзыщ. Сэ Тамарэ жызоIэ: «Уэ хуэдэу адыгэ анэ джэгуф зыри щыIэкъым». Адрейхэм я жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ аращ сэ пэж дыдэу къызэрысщыхъур. Иужьрей спектаклым, «Нагъуэ и унагъуэм», Тамарэ и нэгум сызэриплъэу, адэкIэ сыджэгун хуэмейуэ пэж дыдэу си гъын къокIуэ.

ЦIыху хъарзынэщ, псэ хьэлэл зиIэщ, зыгуэрым зэран сыхуэхъуарэт жызымыIэщ, фыгъуэ-ижэ зыхэмылъщ. Щэху цIыкIуу и Iуэху зэрищIэжыр арагъэнщ нобэр къыздэсым абы ди республикэм и цIэ лъапIэ гуэри къыщIыхуамыгъэфэщар. Лажьэу шхэж цIыхущи, псом нэхърэ нэхъыщхьэ узыншагъэр Тхьэм кърит!

ТIымыжь Владимир, *актер, Тамарэ и гъэсэн:*

- Илъэсий хъуауэ театрым дыщызэдэлажьэми, Тамарэ и гугъу зэрысщIынур институтым дызэрыщригъэджам и лъэныкъуэкIэщ. Къуажэ курыт еджапIэр къэзыухыу Налшык къэкIуа ныбжьыщIэм япэ лъэбакъуэр къыхуэзыча и егъэджакIуэр щыгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым. Тамарэ анэ етIуанэ зыхуэхъуар си закъуэкъым, си япэ итахэми, си ужькIэ институтым щеджахэми апхуэдэущ а цIыхубз Iущыр зэрахущытар. ДыбгъэдэтIысхьэрэ ди гукъеуэр етхьэлIэфу щытащ Тамарэ. ИкIи лъэкI псомкIи зыкъытщIигъакъуэрт.

И анэшхуэри, и анэри щыпсэум щыгъуэ, мызэ-мытIэу Тамарэхэ я унагъуэ сихьащ сэ. Къалэм щыпсэууэ пщIэнтэкъым ахэр, къуажэжь дэс адыгэ унагъуэ уихьа фIэкIа. Абы и анэр гуапэу, псэ хьэлэлу, и анэшхуэр бзэ IэфIу си гум къинащ.

Иджыри къыздэсым Тамарэ къызэрыдбгъэдэтри дыщригъаджэм къызэрытхущытам хуэдэ дыдэущ. ЩIэпсэу и къуэ закъуэм и ехъулIэныгъэрэ гуфIэгъуэрэ илъагъуну Тхьэм жиIэ.

Зытхыжар
ИСТЕПАН Залинэщ.

ЗэрекIуэкIынур къэщIэгъуейтэкъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Томь» (Томск) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 2-м. Цыхху 7000 еплъащ.

Судьяхэр: Безбородов (Санкт-Петербург), Котковский, Французов (тIури Мэкъуэщыщ).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Ятченко, Джудович, Шумейко, Кисилев, Самсонов, Джатэрыв, Бикмаев (Дзыхьмыщ, 79), Мэшыкъуэ, Сирадзе (Калимуллин, 46), Фелипе (Къэжэр, 46).

«Томь»: Парейко, Катынсус, Вейич, Йокич, Скобляков, Климов, Радосланевич, Ларионовский (Ширко, 72), Тарасов (Концедалов, 46), Волков (Архипов, 82), Мазнов.

Топхэр дагъэкIащ: Калимуллиным, 64 (1:0), Климовым, 73 (1:1).

Дагъ къэхущащ: Тарасовымрэ Радосланлевичрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр и кIэм нэблэгащ. Апхуэдэ иужькъ Налшык кьыщыхьуар къэщIэжыгъуейщ.

Абы щыгъуэми, премьер-лигэм хэт командэ зыбжанэм бэнэныгъэ гущIэ ирагъэкIащ. Нэгъабэ хъэдэу, кьэралым и чемпион хьунур Раменскэм щызэхэкIащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ пашэныгъэр зыныгъ Къэзан и **«Рубиным»** щыпIэ **«Сатурныр» 2:1-уэ** хигъащIэри, зэи кьэмыхуэдэу быдэ медалхэр зыIэригъэхащ.

Тэрэстаным и командэм ар нэхъ пасэу кьехьулэнымкIэ сэбэн хьуащ етIуанэ увыпIэм щыт **ЦСКА-м** Мэкъуэ и **«Спартакым» 1:0-у** зэрыгтекIуар.

Премьер-лигэм хэкIынчэхэр зэхэкIыпаэу жыпIэ хуэнущ. ФIэщщыгъуейщ зи стадионым щыджэгуу **«Амкарыр» 1:0-у** кьызытекIуа **«Луч-Энергиер»** зыгуэрым кьриГъэлыкфыну. Ардыдэр пхуэмыгъэхьащIу командэхэм джэгур зэрытемыгъкIуэным хуэгъэкIуащ. Аргуэрыжьти, топ джэгум дихьэхъэм футболистхэр фий макькIэ ирагъэкIыжащ. Апхуэдэ иужькъ Налшык кьыщыхьуар къэщIэжыгъуейщ.

Абы щыгъуэми, премьер-лигэм хэт командэ зыбжанэм бэнэныгъэ гущIэ ирагъэкIуэкIащ. Нэгъабэ хъэдэу, кьэралым и чемпион хьунур Раменскэм щызэхэкIащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ пашэныгъэр зыныгъ Къэзан и **«Рубиным»** щыпIэ **«Сатурныр» 2:1-уэ** хигъащIэри, зэи кьэмыхуэдэу быдэ медалхэр зыIэригъэхащ.

Тэрэстаным и командэм ар нэхъ пасэу кьехьулэнымкIэ сэбэн хьуащ етIуанэ увыпIэм щыт **ЦСКА-м** Мэкъуэ и **«Спартакым» 1:0-у** зэрыгтекIуар.

Къыщихьэжым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ Филипрэ Сирадзерэ Къэжэрымрэ КалимуллинымкIэ ихьуэжащ. Абыхэм ди командэм и обгъэрыкIуэныгъэм псэ кьыхальхьэжащ икIи 64-нэ дакьикъэм Рустем дахэ дыдэу бжыгъэр кьыщIэуихащ - напIэзыпIэм зигъэзэри, и щыбыр гъуэм хуэгъэзэауэ Мэшыкъуэм кьрита топыр абы гъуэм дигъэкIащ.

Угурэз хьунут абы джэгум и екIуэлыкIэм зригъэкъуэкыну, арщхьакIэ налшыкдсэхэр щIэужьыхьэжащ икIи мыгувэ бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэщIыжащ. Адэкlэ зэIуIэм уэрплъын хэльыжтэкъым - зэрыхуагъэфэщауэ, гугъу зрамгъэхьащIу. Аргуэрыжьти, топ джэгум дихьэхъэм футболистхэр фий макькIэ ирагъэкIыжащ. Апхуэдэ иужькъ Налшык кьыщыхьуар къэщIэжыгъуейщ.

Абы щыгъуэми, премьер-лигэм хэт командэ зыбжанэм бэнэныгъэ гущIэ ирагъэкIуэкIащ. Нэгъабэ хъэдэу, кьэралым и чемпион хьунур Раменскэм щызэхэкIащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ пашэныгъэр зыныгъ Къэзан и **«Рубиным»** щыпIэ **«Сатурныр» 2:1-уэ** хигъащIэри, зэи кьэмыхуэдэу быдэ медалхэр зыIэригъэхащ.

Тэрэстаным и командэм ар нэхъ пасэу кьехьулэнымкIэ сэбэн хьуащ етIуанэ увыпIэм щыт **ЦСКА-м** Мэкъуэ и **«Спартакым» 1:0-у** зэрыгтекIуар.

Къыщихьэжым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Красножан Юрэ Филипрэ Сирадзерэ Къэжэрымрэ Калимуллинымкl